# «КАБАРДИНКА»
## къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблыр

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№241-242 (23.150) • 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 18, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр тумэнитIщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# 80

## КIУЭКIУЭ Юрий: Путин Владимир пэжыгъэ хэлъу тепсэлъыхьащ къэрал щIыбми къэрал кIуэцIми щекIуэкI Iуэху нэхъ инхэм

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и пресс-конференцыр зэриухыу КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. жиIащ:

- Къэралым и Iэтащхьэм гъэ къэс къызэригъэпэщ пресс-конференцыр сыт щыгъуи мыхьэнэшхуэ зиIэ жылагъуэ-политикэ Iуэхущ. Нобэ дэ зэхэтхащ къэрал кIуэцI, къэрал щIыб политикэм пыщIа упщIэхэм я жэуапхэр, апхуэдэу иджыпсту экономикэм и IэнатIэм щызэтеува щытыкIэ мытыншыр къызэнэкIынымкIэ, абы къытхуихьынкIэ хъуну зэранығъэхэр гъэмэщIэнымкIэ хэкIыпIэхэр. Зэрыгурыгъуэгъуэщи, а псори щIыналъэхэми яхуэгъэзащ. Президентыр тепсэлъыхьащ социальнэ къалэнхэр гъэзэщIэным, хэкIыпIэхэр нэсу къэгъэсэбэпыным, IэнатIэхэм зегъэужьынымкIэ хэкIыпIэхэр къызэгъэпэщыным, цIыхухэр зыщIэупщIэхэр къащэхуфыным, иджырей производствэр зэтегъэувэным икIи абы и хьэкъкIэ лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэIухыным, щIыналъэхэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ бюджет ахъшэр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным, инвестицэхэр къызэщIэгъэуIуэным я лъэныкъуэкIэ властым и щIыналъэ IэнатIэхэм яхь жэуапым. Апхуэдэу абы къыхигъэщхьэхукIащ терроризмэм нэхъ жыджэру дяпэкIи ебэнын, цIыхухэм шынагъуэншагъэ къахузэгъэпэщын зэрыхуейр. Мис апхуэдэ къалэну къэралым и унафэщIым къигъэувахэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ щытынущ дэ зэфIэкIыу диIэр.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*



Iуащхьэмахуэ-дадэ и хьэщIэщ иордан пащтыхьыкъуэ Алий бен-Хъусейнрэ «Кабардинка»-м и къэфакIуэ гупым хэтхэмрэ. *1997 гъэ*

## Къэрата дамыгъэ лъапIэхэр



«Иорданием и щхьэхуитыныгъэ» орденым и япэ нагъыщэр
*(1981 гъэ)*



«Иорданием и Вагъуэ» орденым и япэ нагъыщэр
*(1985 гъэ)*



«Адыгейм и ЩIыхь» дыщэ медалыр
*(2015 гъэ)*

Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыхуигъэфэщащ «Адыгэ лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ» цIэ лъапIэр
*(2015 гъэ)*

**Лъэпкъ гъуазджэм «Къафэм» нэхъ дахэ иІэу сщІэркъым...**

**УЛАНОВЭ Галинэ**.

# Дахагъэм и гъуджэ

*«Кабардинка» къэфакІуэ гупыр къызэрызэрагъэпэщам теухуауэ дэфтэр пыухыкІахэр щІэлъкъым КъБР-м и архив ІуэхущІапІэм. Зэрыхабзэщи, сыт хуэдэ художественнэ гупми гъащІэм лъэбакъуэ щичауэ къыщалъытэр ар цІыхухэм япэу щаІущІарщ. Абы тепщІыхьми, «Кабардинка»-р апхуэдэу хэхауэ утыку къихьауэ щытакъым.*

*ТегъэщІапІэ пщІы хъуну дэфтэрхэм яхыболъагъуэ Налшык къалэ дэт Ленинскэ еджапІэ къалэ цІыкІум (ЛУГ-м) епхауэ 1933 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м Лъэпкъ художественнэ студие къызэІуахауэ зэрыщытар, драмэ, къэфакІуэ, лъэпкъ макъамэ Іэмэпсымэхэм зыщыхуагъасэ, театр-декоративнэ къудамэхэр хэту. Аращ «Кабардинка» ансамблым щІэдзапІэ хуэхъуар. Абы и щыхьэту къэпхь хъунущ нэгъуэщІ зы дэфтэри: Къэбэрдейм уэрэдымрэ къафэмкІэ и къэрал ансамблым и илъэс 20-р гъэлъэпІэным теухуауэ КПСС-м и обкомым 1954 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м къыдигъэкІа унафэр.*

ДЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩИ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэр щекІуэкІащ 1930 гъэхэм. Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ зэи ямыІауэ къызэрагъэпэщат лъэпкъхэм я щэнхабзэ къулеигъэхэм зезыгъэужьыну къэфакІуэ ансамбль лъэщ, макъамэ Іэмэпсымэхэр щІыгъуу.

Нэхъ иужьыІуэкІэ абы Уэрэдымрэ къафэмкІэ ансамбль фІэщыгъэр иратауэ щытащ. Гупым хэтт къэфакІуэхэр, хор, лъэпкъ макъамэ Іэмэпсымэхэмкlэ квартет мыин. Япэ махуэхэм щегъэжьауэ мы ансамблыр я лъэпкъ макъамэхэмрэ къэфэкІэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэм щапхъэ щыхъуат. «Къафэ», «Ислъэмей», «Абдзах», «Тёгерек-тепсеу», «Удж», нэгъуэщІ къэфэкІэ куэди абы игъэзащІэрт. Ансамблым хэт артистхэр хущІэкъурт лъэпкъым и къафэжьхэр зэрахъумэным.

Зэман кІэщІым къриубыдэу къэфакІуэ гупыр республикэм и лэжьакІуэбэм фІыуэ ялъэгъуащ. Артистхэм, гугъуехьым щымышынэу, ерыщу лъэпкъ къэфэкІэ зэмылІэужьыгъуэхэм зыхуагъасэрт, жылагъуэ нэхъ пхыдзахэм щагъэлъагъуэ я пшыхьхэр нэхъ щІэщыгъуэ, гукъинэж зэращІыным иужь итхэт.

Ансамблым и зэфІэкІ игъэлъэгъуэну хамэ къэрал япэу щыкІуар 1934 гъэрщ. Украинэм и КП(б)-м и ЦК-м и япэ секретарь Постышев Павел Киев къалэ ар иригъэблэгъат Октябрь Социалистическэ революцэр илъэс 17 зэрыхъур щагъэлъапІэ зэхыхьэм хэтыну.

КъыкІэлъыкІуэ илъэсым, щІышылэм и кІэхэм, СССР-м и Советхэм я VII союзпсо съездым и лІыкІуэхэм я пащхьэ «Кабардинка»-р къыщыфащ. А лъэхъэнэм къэфакІуэхэм Іэмал яІащ тхакІуэшхуэ Горький Максим ІущІэну. 1939 гъэм Москва щекІуэкІырт ВКП(б)-м и XVIII съездыр. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал ансамблым аргуэру пщІэшхуэ къыхуащІащ съездым и лІыкІуэхэр зыхэтыну пшыхьым щыІэну. Абы щыгъуэм пэшым щІэсат Правительствэмрэ партымрэ я унафэщІхэр, Ворошилов Климентрэ Буденный Семёнрэ яхэту.

Ди артистхэр яІущІауэ щытащ советскэ макъамэ гъуазджэм и цІыху цІэрыІуэхэм: СССР-м и Театр Иным и уэрэджыІакІуэ пажэ, цІыхубэ артисткэ Неждановэ Антонинэ, композитор Мурадели Вано, нэгъуэщІхэри. Абыхэм ягъэщІэгъуат къэфакІуэхэм я ІэкІуэлъакІуагъэр, щытхъушхуи ансамблым къыхужаІат.

1939 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Къафэмрэ макъамэмкІэ и къэрал ансамблым ЩІыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ КъуэкІыпІэ Жыжьэм лэжьыгъэ купщІафІэ зэрыщригъэкІуэкІам папщІэ.

АдэкІэ ансамблыр гъуэгуанэ кІыхь теуващ. Москва, Ленинград, Киев, Мурманск, Иркутск, Томск, Пермь, Свердловск, Омск, Новосибирск, Красноярск, Киров, Улан-Удэ, нэгъуэщІ къалэхэми концертхэр щатащ. КъэфакІуэ гупым и япэ артистхэр яхуэзауэ щытащ къэралымрэ партымрэ я лэжьакІуэ нэхъыщхьэхэу Калинин Михаил, Жданов Андрей, уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ Утёсов Леонид, нэгъуэщІхэми.

Концерт къэсыху гупым и зэфІэкІым хэхъуэ зэпыту екІуэкІащ. Ар я фІыгъэщ актёр гъуэзэджэхэу Атэлыкъ Аслъэнджэрий, Болэ Мурат, Дыкъуэ Заудин, Исаковэ Галинэ, Къэбэрдокъуэ Тамарэ, Къанэмэт Марие, Къумыкъу Зухра, Кумыщ Нану, Лэкъун Жанусэ, Рахаев Екъуб, Ульбашев Мутай, Хъан (Гегиевэ) Женя, Шаваев Берман, Этезовэ Сакинат, Къашыргъэ КІурацэ (пшынэ), Ашуров Танахум (зурна), Исаков Арон (бубен), нэгъуэщІ куэдми.

Хэку зауэшхуэм и зэманым ансамблым и артист куэд Іэщэ къащтэри биийм ерыщу пэщІэтащ, апхуэдэуи зауэлІхэм я гукъыдэжыр къаІэту концертхэр губгъуэхэм, уІэгъэ хъуахэр зыщІэлъ сымаджэщхэм, заводхэм, фабрикэхэм щатащ. Республикэм и къалащхьэр нэмыцэ фашистхэм яубыдыхункІэ къэфакІуэ гупым еш ямыщІэу я къалэныр ягъэзэщІащ. 1942 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м къыщыщІэдзауэ абы и лэжьыгъэр пІалъэкІэ къызэтеувыІащ.

ЩІэрыщІэу ансамблыр гъуэгу щытехьэжар 1943 гъэм и щІышылэрщ. А гъэ дыдэм и накъыгъэ, мэкъуауэгъуэ мазэхэм партым и щІыналъэ комитетым ВКП(б)-м и район комитетхэм тхыгъэ яхуегъэхь ансамблым дэІэпыкъуну къыхуриджэу. Абыхэм я пщэрылът концертхэр щекІуэкІыну пэшхэр къэгъэхьэзырыныр, шхынкІэ, нэгъуэщІ-къинэмыщІхэмкІэ ахэр зэгъэпэщыныр, пшыхь нэхъыбэ цІыхубэм папщІэ егъэкІуэкІынымкІэ зыщІагъэкъуэныр.

Партым и щІыналъэ комитетым зэпымыууэ и нэІэ тригъэтт къэфакІуэ гупым я Іуэху зэрекІуэкІым. Апхуэдэу 1955 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м КПСС-м и обкомым и бюром иригъэкІуэкІат «Къэбэрдейм Къафэмрэ уэрэдымкІэ и къэрал ансамблым и ІуэхукІэ» зэІущІэр. Абы ипкъ иткІэ ящІа унафэм итт: «Ансамблым и лэжьыгъэр зэфІихын, и репертуарыр нэхъ къулей хъун папщІэ, актёр пажэхэр, уэрэдыжьхэр екІуу зыгъэзащІэхэр, къэфакІуэ лъэщхэр къыхэшын;

адыгэбзэр щадж, макъамэмрэ сольфеджиомрэ щыхуагъасэ дерсхэр гупым хэтхэм папщІэ къызэгъэпэщын;

КПСС-м и къалэ комитетым иІыгъ парт библиотекэм и пэшыр ансамблым хуит хуэщІын;

гъуазджэм и лэжьакІуэхэр фэтэркІэ къызэгъэпэщыныр къалэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и пщэ дэлъхьэн;

Къэбэрдей АССР-м гъуазджэмкІэ и лэжьакІуэхэм папщІэ фэтэр 32-рэ хъу унэ ухуэнымкІэ хуитыныгъэ къыдэхын.

Зи гугъу ящІа Іуэхугъуэхэр зэрекІуэкІым теухуа тхыгъэ (1956 гъэм накъыгъэм и 10) хъума хъуащ. Абы зэритымкІэ, ансамблыр ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ, лэжьыгъэшхуэ а зэманым ирагъэкІуэкІат, гупым къыхашат хорым хэт артистхэр, къэфакІуэ ныбжьыщІэ нэхъыфІхэр, апхуэдэуи зэхагъэуват Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум ягъэлъэгъуэну концертыр.

1957 гъэм ансамблыр Совет щІалэгъуалэм я союзпсо фестивалым, ЩІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я VI дунейпсо фестивалым, Театрхэм, ансамблхэмрэ хорхэмрэ я союзпсо фестивалым лауреат щыхъуащ.

Совет лъэхъэнэм и балеринэ цІэрыІуэ Улановэ Галинэ ЩІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я VI дунейпсо фестивалым (Москва) и къэпщытакІуэ гупым хэту «Къафэр» Къэбэрдей-Балъкъэр къэфакІуэ гупым игъэзащІэу къыщилъэгъуам, «Лъэпкъ гъуазджэм «Къафэм» нэхъ дахэ иІэу сщІэркъым», - жиІауэ щытащ.

КъыкІэлъыкІуэ илъэсым ансамблыр щыІащ Монголие Республикэм. 1958 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м ТАСС-м къызэритамкІэ: «Бадзэуэгъуэм и 7-м Улан-Батор къыхуеблэгъащ КъБАССР-м уэрэдымрэ къафэмкІэ и ансамблыр. Артистхэм я пашэщ КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къардэн Башир... Дыгъуасэ Монголие Республикэм и къэрал музыкэ-драмэ театрым абыхэм я пшыхьыр щызэхэтащ. Ар цІыхухэм ягу дыхьащ».

1965 гъэм и гъэмахуэрщ мы ансамблыр къэфакІуэ гуп щащІыжар, «Кабардинка» къыщыфІащар. Гупым и хорыр республикэ радиом иратыжат.

1967 гъэм, Октябрь Социалистическэ революцэр илъэс 50 щрикъум, Москва зыкъыщагъэлъагъуэрт къэралым и художественнэ гуп нэхъыфІ дыдэхэм. Абыхэм яхэтт «Кабардинка»-ри. Кремль театрымрэ Чайковский Пётр и цІэр зезыхьэ концерт пэшымрэ щагъэзэщІа лъэпкъ къэфэкІэхэм псори итхьэкъуат. ФІыщІэ, щытхъу псалъэ куэд къэфакІуэ гупым къыщыхужаІат Спортым и унэм щызэхэта «Урысейм и вагъуэхэр» зэхыхьэми.

1967 гъэм фокІадэм и 30-м «Советская культура» газетым итхащ: «Гум хыхьэу макъамэ дахащэ къэІуащ, цІыхухэм зы телъыджэ зэралъагъуным зыхуагъэхьэзыращ. Уардэрэ зэпІэзэрыту утыку къихьащ «Кабардинка»-м и къэфакІуэхэр. Пщащэ зэкІужхэмрэ щІалэ къуданхэмрэ еплъхэм тэлайкІэ ящыгъупщам хуэдэт я гукъеуи я лэжьыгъи. Ущыгуфlыкl хъунущ апхуэдэ ехъулІэныгъэрэ зэфІэкІрэ зыбгъэдэлъ ансамблым».

1968 гъэм, жэпуэгъуэ - дыгъэгъазэ мазэхэм хуэзэу, «Кабардинка»-р Марокко, Алжир, Тунис, Ливие къэралхэм щыІащ. Махуэ 55-кІэ гупым къызэпича гъуэгуанэр купщІафІэт: къалэ 29-м я гулъытэ къихьэхуат, пшыхьу 52-рэ игъэлъэгъуат, цІыху мин бжыгъэхэм закъригъэцІыхуат.

1972 гъэм «Кабардинка»-м зыкъыщигъэлъэгъуащ Австралием, Сингапурым, Филиппинхэм.

1974 гъэм мазиплІым щІигъукІэ къэфакІуэ гупыр щыІащ Латин Америкэм и къэрал 11-м. Абыхэм радиокІэ, телевиденэкІэ тепсэлъыхьырт, газет цІэрыІуэхэр тетхыхьырт, икІи къыхагъэщырт гупым игъэзащІэ лъэпкъ къэфэкІэхэр зэрыгъэщІэгъуэныщэр, езы щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ зэрызэпІэзэрытыр. Куэдым къалъытат «Кабардинка»-р гъуазджэм и фІыпІэу.

«Ла капиталь» аргентинэ газетым (Росарио къалэ) къытридза тхыгъэм, «Кабардинка»-м и дахагъэр гъунапкъэншэщ» зыфІащам, хэтщ: «Ансамблым дигъэлъагъу теплъэгъуэ телъыджэхэм журналистхэр дыкъегъэуІэбжь, абы и теплъэ гъуэзэджэр къызэрытІуэтэну псалъэхэр тхуримыкъу мэхъу».

Колумбием и «Эль тьемно» газетым: «Критикхэмрэ гъуазджэм и цІыху пэрытхэмрэ мы къэфакІуэ гупыр адрейхэм къазэрыщхьэщыкІ и ехъулІэныгъэр зыхуахьыр абы ІуэрыІуатэр къызэригъэсэбэпырщ, и лъэпкъ къэфэкІэжьхэр зэрихъумэрщ».

«Ла Пренса» мексикэ газетым и зы къыдэкІыгъуэм щитхат: «Кабардинка»-р - дахагъэм и дамыгъэщ, абы и артистхэм я теплъэм лъагъуныгъи, хахуагъи, щыпкъагъи хыболъагъуэ».

1977 гъэм Чехословакием, Польшэм, ФРГ-м, Сирием, иужькІэ ГДР-м (1978), Иорданием (1981), Бразилиемрэ ЧССР-мрэ (1983), 1987 гъэм - аргуэру Польшэм, 1988 гъэм - ещанэу Чехословакием концерт щитащ «Кабардинка»-м.

Сыт хуэдэ щІыпІэ щымыІами, ансамблым дэнэкІи Іэгуауэшхуэхэр къыщыхуаІэтащ. Къыхэгъэщыпхъэщ Совет Союзымрэ адрей къэралхэмрэ я щэнхабзэр зэпыщІэнми гупым и гуащІэшхуэ зэрыхилъхьар.

«Кабардинка» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал академическэ ансамблыр щызэфІэува лъэхъэнэр ди щІыналъэм и тхыдэм щыщ зы Іыхьэфlщ.

Ансамблым утыку къришащ къэфакІуэ пщІы бжыгъэхэр, абыхэм ящыщ куэдым къыхуагъэфэщащ РСФСР-м, КъБАССР-м я цІыхубэ, щІыхь зиІэ я артист цІэ лъапІэхэр, кърэтащ СССР-м и медалхэр, орденхэр, щІыхь, фІыщІэ тхылъ бжыгъэншэхэр.

**АЩХЪУЭТ Раисэ**.


1936 гъэ


1967 гъэ



Къэралбийрэ Зарэрэ. *2013 гъэ*

# Зэщхьэгъусэхэм я къафэ

**Дзыхьмыщ Iхэ Къэралбийрэ Зарэрэ ящыщщ зи зэфIэкIрэ зи гуащIэ мымащIэрэ «Кабардинка» къэфакIуэ гупым езыхьэлIахэм. Абыхэм мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ СССР-м, УФ-м ЩэнхабзэмкIэ я министерствэхэм я ЩIыхь тхылъхэр. Ансамблыр зэрыщыIэ илъэс 80-м кърихубыдэу абы хэта цIыхуитIырщ Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь орденыр зратар, а тIум (япэу зыхуагъэфэщар Шэру Сонящ) язщ Къэралбий - 1976 гъэрщ апхуэдэ пщIэ абы къыщыхуащIар. Зарэрэ Къэралбийрэ хэтащ Октябрь революцэр илъэс 60 щрикъум Москва щрагъэкIуэкIа зэхыхьэхэм. «Кабардинка»-р - ар ди гъащIэращ. Ди хабзэ, нэмыс, цIыхугъэ - псори къызыхэтхар аращ», - жаIэ зэщхьэгъусэхэм.**

АНСАМБЛЫМ хыхьэн и пэ къихуэу Къэралбий хэтащ Профсоюзхэм ЩэнхабзэмкIэ я унэм Ульбашевэ Эммэ щигъасэу щыта гупым, мазитIкIэ токарь-учётчикыу «Искож» промышленнэ IуэхущIапIэм щылэжьащ, къуажэми (Хьэтуейщ зыщыщыр) къэфакIуэ гуп цIыкIу щигъэсэну хунэсащ. «Ансамблым сыкъащтэн щхьэкIэ си къэфэкIэр зрагъэлъагъун хуейтэкъэ?! Сагъэуващ сыкъэфэну. Къыспагъэувар хэтыт? ЦIыхубз цIэрыIуэ, къэфакIуэшхуэ Шэру Сонят. Ар къыщыслъагъум, си лъакъуэхэр щIэкIэзызыхь хъуат. Иужьым Соня къызэпсалъэщ, сытригъэгушхуэри, сыкъэфащ, гупми сыхагъэхьащ», - жеIэ Къэралбий.

Зарэ (КIуантIэхэ япхъущ, Тэрч къалэ щыщщ) япэ дыдэу «Кабардинка» къэфакIуэ гупыр щилъэгъуам илъэс 13 фIэкIа хъуатэкъым. Хъыджэбз цIыкIур ансамблым хэтхэм я къэфэкIэзыIыгъыкIэм занщIэу итхьэкъуат, ауэ и пщIыхьэпIи къыхэхуатэкъым зэгуэр езыри абыхэм къахэхутэну. Нэхъ щыцIыкIухэм ар Пионерхэм я унэм екIуалIэу щытащ, иужькIэ культпросвет училищэм щеджащ. 1962 гъэм, еджэныр къиухыным илъэс ныкъуэ хуэдэ иIэжу, а зэманым республикэм щэнхабзэмкIэ и министру щыта Ефэнды Джылахъстэн къэфакIуэ ныбжьыщIэ зытIущ къыхишри, «Кабардинка»-м я гъусэу зыкъагъэлъэгъуэну Сыбыр игъэкIуауэ щытащ. Зарэ абыхэм ящыщт, иужьми гупым къыхэнэжри илъэс 22-кIэ къыщыфащ.

«Кабардинка»-р арагъэнщ, дауи, зэщхьэгъусэхэр фыщызэрыцIыхуар», - щыжыпIэкIэ, гуапэу къыпогуфIыкIхэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, къафэм ахэр зэпищIащ. Япэ дыдэу Къэралбийрэ Зарэрэ къыщызэдэфащ «Къуажэм и къафэм», «Ислъэмейр» илъэс 17-кIэ утыку кърахьащ, псоми щIэдзапIэ яхуэхъуауэ къэплъытэ хъунур я «ХьэгъуэлIыгъуэ къафэрщ». Щауэмрэ нысащIэмрэ я къафэр, Ульбашев Мутай игъэувауэ щытар, абыхэм екIуу ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ къэрал драмэ театрым щагъэлъэгъуат. Абы еплъыну кърихьэлIахэм яхэтат Мэлбахъуэ Тимборэ, ШэджыхьэщIэ Мухьэмэд, республикэм и нэгъуэщI лIыщхьэхэри.

Зарэ Африкэм тIэу щыIащ, апхуэдэуи щымыгъупщэжхэм ящыщщ Нигериемрэ Германиемрэ ансамблым хэту зэрыкIуар. «Африкэм япэу щытта концертыр гъэщIэгъуэн хъуат. Дыкъафэри дыувыжауэ дыщытт. ДыкъэуIэбжьат, псори щымти, ауэ итIанэ и кIэ дыдэхэмкIэ къыщыщIидзэу Iэгу, лъэгу теуэ макъыр къэIуащ, кIуэ пэтми нэхъ лъэщ къэхъуу. Дигухэр къызэрыгъуэтыжат. ЕтIуанэу Африкэм щытедгъэзам, КIэш Фёдор, Гъэсашэ Наталье, сэ Госконцертым щIыгъуу дагъэкIуауэ арат... - жеIэ Зарэ, - ДыщэкI ФатIимэ ди пшынауэу, сэ щIалэ пщыкIутIым сахэту, «Къамэ зауэ къафэ» дгъэзащIэу мазитIкIэ дыкъыщыфат Германием. Хамэ къэралхэми куэд ныбжьэгъу къыщытхуэхъурт. Псалъэм папщIэ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Лайфёровэ Марцеллэ Къэбэрдейм къытхуеблэгъауэ щытащ, илъэс куэдкIэ дызэныбжьэгъуащ. Дигу къэкIыжын Iэджэ тлъэгъуащ ансамблым дыхэту дыкъэгъуэгурыкIуэхукIэ».

«Кабардинка»-р, Къэралбийрэ Зарэрэ хэту, Латин Америкэм и къэрал 11-м щыIащ. КъыкIэлъыкIуэу ЕвропэмкIэ: Германие, Польшэ, Чехословакие; мыдэкIэ - Иордание, Сирие, нэгъуэщI къэралыгъуэхэми ансамблым зыкъыщигъэлъэгъуащ.

Адэ-анэр гъуазджэм и курыкупсэм хэтамэ, и фIыпIэр нэсу зыхащIэу щытамэ, къащIэхъуэ щIэблэри дихьэх хабзэщ абы. Къэралбийрэ Зарэрэ я гъуэгуанэр къащIэхъуахэм ягъэгъуэщакъым.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# «Ди Къанщауэ»

**Илъэс 20-кIэ «Кабардинка» ансамблым къыщыфащ Эльбрус районым хыхьэ ЛашкIутIэ къуажэм къыщалъхуа Соттаев Къанщауэ Хьэждаут и къуэр. Абы и анэр, ХьэIишэт, адыгэт (Щомахуэхэ япхъущ), и адэр балъкъэрт. 1944 гъэм и гъатхэм балъкъэр лъэпкъыр Хэкум ишын хуейуэ унафэ ткIий щагъэувым, ХьэIишэт и бынищыр кърагъэащтэри, и дыщым ирагъэшэжащ, Щомахуэ унэцIэр псоми хуатхри, Къанщауэрэ и къуэшшыпхъумрэ Зеикъуэ къыщыхъуащ. ЦIыкIухэм адыгэбзэр зрагъэщIащ, балъкъэрыбзэр яIэщIэхуащ. Апхуэдэу, къуажэ школым кIуэн щIадзэжри, классибл абы Къанщауэ къыщиухащ. Нэхъ къэжэпхъа нэужь, ар пощтзехьэу лэжьащ - и ныбжьым хуумыгъэфэщэну абы къыгурыIуэрт и анэм и закъуэу унагъуэр зыхуей хуигъэзэну къызэрехьэлъэкIыр (и адэ Хьэждаут къащхьэщыттэкъым, зауэ нэужьым Къэзахъстаным ягъэкIуат). Къанщауэ шырыкъущIэуи лэжьащ, къуажэ колхозым шофёрым и дэIэпыкъуэгъууи щытащ, щIыщIэ къаIэтхэм щылэжьэну щIалэгъуалэр щагъакIуэми, ар япэ итащ. Нэхъыщхьэжырщи, адыгэлIым и щапхъэу, Къанщауэ Курыт Азием кIуэри, и адэр къишэжыфащ щалъхуа щIыналъэм.**



КъБР-м и цIыхубэ артист Соттаев Къанщауэ.

АЗЭМАНХЭМ хуэзэу къэралым жыджэру зыхуигъэхьэзырырт Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъур зэрагъэлъэпIэнум. Москва щекIуэкIыну концертышхуэм хэтыну зи пщэ къыдэхуар Уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблырт. А Iуэхухэм гупым и гъусэу хэтыну щIалэгъуалэр къыхашырт. Ансамблым къащтэн и пэкIэ Къанщауэ и зэфIэкI игъэлъэгъуащ. Къыдэфэну абы къыпагъэуващ лъапэпцIийуэ къафэу япэу зезыгъэса Лапченкэ Зое. Хэт ищIэнт иужькIэ а тIум я насыпыр зы ящIыну?! Къэфащ Къанщауэ. ЗэрыжиIэжымкIэ, а дакъикъэм абы Зое къыдэIэпыкъуащ, щIалэр здекIуэкIын хуей лъэныкъуэр нэкIэ къригъэлъагъуу. ИужькIэ езым и закъуи къагъэфащ ар. Куэдым ягъэщIэгъуат щIалэм и псынщIагъымрэ и жанагъымрэ. Арати, 1957 гъэм Соттаевыр ансамблым хагъэхьащ. Театр Иным абыхэм щагъэлъэгъуауэ щыта концертым еплъат Хрущёв Никитэ, СССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Жуков Георгий, СССР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фурцевэ Екатеринэ сымэ. Щытхъу яIэу абы къикIыжащ гупыр.

Мазэ зыбжанэ дэкIауэ ансамблыр ирагъэблэгъащ VI дунейпсо фестивалым, Москва щекIуэкIынум. ЦIыху пщыкIутI, Къанщауи яхэту, абы кIуащ, дыщэ медалыр «Къафэмрэ» «Iэхъуэ къафэмкIэ» къыщахьащ.

«Гум имыкIыж Iуэхугъуэхэм ящыщщ ар, - жеIэ къэфакIуэм. - Зыхуэфащэу дуней псом ансамблу тету хъуар, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэр къекIуэлIат фестивалым. КъэпщытакIуэ гупым яхэтт Моисеевыр, Улановэр, Кориныр, адрей къэралхэми я цIыху тIурытI-щырыщ. Куржыхэр цIыху 60 хъууэ «Къамэ зауэ» къафэр ягъэлъэгъуат, хъуаскIэхэр зэблэлъэту ар зы телъыджэ гуэрт. Абыхэм якIэлъыкIуэу дэ зыкъэдгъэлъэгъуати, фи фIэщ хъунмыхъунми, дыкъафэу утыкум дикIыжыхункIэ къэпщытакIуэхэр Iэгу тхуеуат. Музыканту дигъусахэр Ашуров Тэнэхъум, Ало Арсен, Борий Линэ сымэт. Абы щыгъуэм КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта Къардэн Башир ахъшэ саугъэткIэ - тумэн блырыблкIэ - къытхуэупсат».

Австралие, Латин Америкэ, Бразилие, нэгъуэщI щIыпIэхэми мазэ бжыгъэкIэ зыкъыщагъэлъагъуэу, концерт гукъинэжхэр щату къакIухьащ Къанщауэ ансамблым щыхэта зэманхэм. Соттаевымрэ «къафэм и гуащэ» цIэр зыхуагъэфэща Шэру Сонярэ куэдрэ къызэдэфащ. «МазиплI-тхукIэ зы вагоным дису, зэдэлъхузэшыпхъум хуэдэу дызэхущыту, дызэдэшхэу, зы къалэм дикIрэ нэгъуэщIым зыкъыщыдгъэлъагъуэу... икъукIэ зэманыфIт», - игу къегъэкIыж Къанщауэ.

Соттаевым а лъэхъэнэм иджыри зыфI хелъэгъуэж: дэнэ къэрал щымыIами, къекIуэлIэжа нэужь, зы къуажэ къамыгъанэу я цIыхухэми я нэгу зрагъэужьыфырт. Къанщауэ зэрыжиIэжымкIэ, къуажэдэсхэм я фэтыджэн уэздыгъэхэр яIыгъыу ансамблым и концертхэм къекIуалIэрт... Псом хуэмыдэу Къанщауэ фIыуэ къехъулIэу щытащ гушыIэ къафэхэр, цIыхубэми ахэр нэхъыфIу ялъагъурт. И баш цIыкIур иIыгъыу, «Къуажэ къафэри» «Iэхъуэ къафэри» абы дэгъуэу игъэзащIэрт. Бахъсэн концерт щату «Iэхъуэ къафэм» тхуэ къытрырагъэгъэзэжауэ щытащ.

ТхакIуэхэм я зэхуэсышхуэхэми Iэджэрэ Шэру Сонярэ Къанщауэрэ ирагъэблагъэурэ къыщыфащ. «КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, ХьэхъупащIэ Амырхъан, Тхьэгъэзит Зубер, Къэрмокъуэ Мухьэмэд сыми, а зэманхэм сцIыхуа адрей псоми сахуэарэзыщ. Сахуэарэзыщ сыкъыщыхъуа Зеикъуэ къуажэм щыпсэухэми. «Ди Къанщауэ», - жаIэу саIэтри, сэри ахэр сигу зэи икIыркъым.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Ди къэфакIуэхэр къазэрыщыхъуар журналистхэм я псалъэкIэ

**«Ла Пренса»** *(Мексикэ):*

*Бэрэбанэм, бжьамийм, пшынэм я зэщIэжьыуэр зокIупс. КъэфакIуэхэм я нэгум къощ хахуагъэмрэ я лэжьыгъэм хуаIэ лъагъуныгъэмрэ. Хъыджэбзхэр къупщхьэ гуащэм хуэдэщ, къэфакIуэ щауэхэри къуданщ... «Кабардинка»-м удехьэх, гукъыдэж къует, лъагащэу артистхэр зэрыдэлъейм укъегъэуIэбжь... Ансамблым и спектаклыр къыщIедзэ IуэрыIуатэм ухэзышэ «ИслъэмеймкIэ». Абы кIэлъокIуэ зым нэхърэ адрейр нэхъ дахэжу къафэ хьэлэмэтхэр. Абы еплъхэр псысэ гъуэзэджэм къыщыхутами ярейщ.*

*ЩIалэхэм я лIыгъэр къызыхэщ къафэр зэрахъуэкI фIыуэ зэрылъагъухэм я къафэкIэ. ИужькIэ, макъамэ щабэр къамэ зауэ къафэм хуокIуэж. Сэхэм IэкIуэлъакIуэу пхъэбгъум зыхезыгъасэ щIалэр икIи къофэ. «Кабардинка»-м и концертыр IэгуауэшхуэкIэ цIыхухэм яIэтащ.*

# Псоми ещхь - зыми емыщхь



**Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ я артист, балетмейстер Дашу Хьэшыр 1929 гъэм и щIышылэ мазэм Вольнэ Аул (Брамтэ) къыщалъхуащ. Иджыри сабийуэ абы щIидзащ къэфэн. Зэгуэрым, накъыгъэ махуэшхуэр ягъэлъапIэу, щIалэгъуалэр уэру Налшык и уэрамхэм дэтт, зыгъэпсэхупIэхэм зыкъыщагъэлъагъуэу. Къэбэрдей уэрамым къыщыфэ Хьэшыр гу къылъитащ гъунэгъуу блэкI Къалмыкъ БетIал. КъэфакIуэ ныбжьыщIэм къулыкъущIэр къыбгъэдыхьэри IэплIэ къыхуищIат икIи: «Афэрым, уэ къэфакIуэ гъуэзэджэ къыпхэкIынущ!» - къыжриIат. А псалъэхэр пэж хъуащ. Ар хыхьащ Уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым (иужькIэ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамбль хъуам) и къэфакIуэ гупым. Къулыкъу щищIэм ар хэтащ Забайкалье дзэ округым уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым. Къафэхэр гъэувыным IэкIуэлъакIуэ щыхуэхъуари а зэманырщ.**

УРЫСЕЙ Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм Дашур игъэкIуауэ щытащ Вагановэм и цIэр зэрихьэу Ленинград дэт хореографие училищэм. И щIэныгъэм хигъэхъуауэ, еджапIэм и илъэситI курсыр къиухауэ къигъэзэжат лъэпкъ къафэхэмкIэ щIэныгъэ зиIэ япэ балетмейстерым. Япэ илъэсхэм абы щригъэджащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и культпросветучилищэм. Абы къыдэкIуэу, ар ядэлажьэрт «Шэджэм псыкъелъэхэр», «Терчанка», «Нартхасэ» къэфакIуэ гупхэм. «Нартхасэ» ансамблым Хьэшыр щиунафэщIым гупыр хэтат Польшэм щекIуэкIа фестивалым. Къэрал 20-м щIигъу зыхэта зэхьэзэхуэм «Нартхасэр» щытекIуэри, саугъэт нэхъыщхьэр къихьат. Абы щыгъуэ ансамблым игъэзэщIат псоми телъыджэ ящыхъуа «Нартхэр» хореографие сюитэр. Хьэшыр зи унафэщI гупхэм дэнэ щIыналъи Iэгуауэшхуэхэр щыхуаIэтырт. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, абыхэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуа Индиер, Германиер, Мексикэр, Кипрыр, нэгъуэщIхэри.

Профтехегъэджэныгъэмкlэ щэнхабзэ унэм щызэхуишэсауэ щытащ «Нальчанка» ансамблыр икIи илъэс 20-м щIигъукIэ гупым и унафэщI емызэшыжу лэжьащ. Хьэшыр игъэуващ ансамблым и фондым къыхэна къафэхэр, хореографие этюдхэр. Абыхэм ящыщщ «ЦIыхубэ джэгукIэхэр», «Уузыншэм, щIалэгъуэ!», «Нарт щIыналъэм теухуа хъыбар», «Долинск и розэхэр», «Бгылъэ удз гъэгъа» зыфIащахэр. Адыгэ Республикэм и унафэщIхэм ирагъэблагъэри, Дашу Хьэшыр илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ абы я «Налмэс» ансамблым и балетмейстер нэхъыщхьэу. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ 1957 гъэм лъэпкъ гъуазджэм и махуэхэр Москва щыщагъэлъэпIам, Хьэшыр хэтащ уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым и солисту.

Дашу Хьэшыр зы махуи Iуэхуншэу щысакъым жыпIэкIэ зыри егъэлея хъуркъым. И цIыху щIыкIэкIэ гумызагъэти, зыпэрыт IэнатIэм къыдэкIуэу, республикэм къыщаIэт сыт хуэдэ Iуэхуми жыджэру хэтт. Псалъэм и хьэтыркIэ, «Спартак» стадионым щIэх-щIэхыурэ щрагъэкIуэкI махуэшхуэ концертхэм хэт гупхэм зэгъусэу ягъэзэщIэну къафэхэр зыгъэувыр Хьэшырт, зыгуэрым упщIэ иIэмэ, абы деж жэуап щигъуэтырт, чэнджэщэгъу нэст, ныбжьэгъу пэжт. Иужьрей илъэсхэм Дашур лэжьащ облсофпрофым Художественнэ самодеятельностымкIэ и унэм хореографиемкIэ и методисту.

Дашу Хьэшыр балетмейстер гъуэзэджэм и закъуэтэкъым, атIэ ар икIи сурэтыщI IэкIуэлъакIуэт. Абы къыщIэнащ сурэт гъэщIэгъуэнхэр, и Iуэху еплъыкIэр, и гупсысэкIэр, и IэщIагъэр наIуэ пщащIу.

Илъэс куэдкIэ гуащIафIэу лъэпкъ гъуазджэм зэрыхуэлэжьам щхьэкIэ, Хьэшыр къыхуагъэфэщат «ГуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ» медалыр, УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист цIэ лъапIэхэр къыфIащат.

Хьэшыр хуэдэ цIыху щыпкъэхэм я фIыгъэкIэ, дуней псом къыщацIащ ди республикэ цIыкIур, ди къафэ дахащэхэр, ди лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ. А цIыху хьэлэмэтыр сыт щыгъуи фIыуэ ялъагъуу щытащ, ноби зыми зыщигъэгъупщэркъым.

**Соттаев Къанщауэ**, *КъБР-м и цIыхубэ артист:* Илъэс куэдкIэ дызэдэлэжьащ Дашумрэ сэрэ, зэгъусэу Iэджэрэ дыкъэфащ, щIыпIэ куэдым дыздэщыIащ. Балетмейстеру Ленинград щеджэу къэкIуэжа иужь, къафэ зыбжанэ («Хъыджэбз къафэ», «ПыIэехьэжьэ», н.) игъэуващ. «Кабардинка»-м щыщымылэжьэжми, ар къакIуэурэ тщIэм кIэлъыплъырт, чэнджэщ щхьэпэхэр къыдитырт. ЦIыхуфIт, гушыIэшхуэ хэлът, псори фIыуэ илъагъурт, езыми удихьэхыфырт.

**Алэкъей Мухьэмэд**, *КъБР-м и цIыхубэ артист:* «Кабардинка»-м и тхыдэм къыхэна, нобэ дызэрыгушхуэу «къэфакIуэ гъуэзэджэ» жыхуэтIэхэр псори зыгъэсар Дашу Хьэшырщ. Абы хузэфIэкIар зэи тщыгъупщэ хъунукъым. НэгъуэщI зыри имыщIами, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъу 1957 гъэм Москва зэрызыкъыщыдгъэлъэгъуэнум ансамблыр хуэзыгъэхьэзырар аращ, иужькIэ Монголием дызэрыкIуари зи гуащIэ къыдэкIар Хьэшырщ. Нобэми «псэущ» Дашум и къафэхэр.

**Къашыргъэ Билал**, *УФ-м щIыхь зиIэ и артист:* Лъэпкъ къафэр и лъым хэтт Хьэшыр. Абы и щыхьэтщ лъэпкъ къафэхэм ятеухуа тхылъ Кавказым щыяпэу къызэрыдигъэкIауэ щытар. 1956 гъэм дунейм къытехьа «Адыгэ цIыхубэ къафэхэр» тхылъым абы щызэпкърихащ хореографиер зэрыщыту, абы теухуауэ иIэ гупсысэхэр, утыкум къихьэ къэфакIуэхэм я увыкIэу, зекIуэкIэу, зыIыгъыкIэу щытын хуейхэр сурэту щIыгъужу. Зи гъащIэ псор къафэ гъуазджэм хуэзыгъэпса цIыхут Дашур.

**ДАШУ Валентинэ.**

# Щытхъухэм я нэхъ лъапIэ

**РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Шэру Соня Сыхьэтджэрий и пхъур 1929 гъэм щIышылэм и 28-м Къармэхьэблэ (Каменномост) къуажэм къыщалъхуащ.**

ЗЭРЫСАБИЙРЭ къэфэну зыфIэфI, и ныбжьым хуумыгъэфэщэнуи телъыджэу ар къызэхъулIэу щыта хъыджэбзым адыгэ лъэпкъ къафэхэм сыт щыгъуи яхуищI гулъытэмрэ яхуиIэ гукъыдэжымрэ къыпхуэмыIуэтэн хуэдизу лъагэт. «Мыхэр узот, къафэм и гуащэ цIыкIу», - жиIэри, и анэшхуэм Соня къритат пхъуантэм къыдиха, налмэсу зэщIэлыдэ тажыр, налкъуткIэ гъэщIэрэщIа лэрыпсымрэ тхьэгъухэмрэ. Хэт ищIэрэ, вагъуэ цIу лъэщ хъыджэбзыр хъуным и щIэдзапIэр а дакъикъэхэр арагъэнкIи хъунущ е художественнэ самодеятельностым и республикэ зэпеуэ здекIуэкIым Кавказ Ищхъэрэм и пшынауэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ Къашыргъэ КIурацэ Дзэлыкъуэ районым къикIа хъыджэбз цIыкIур и теплъэкIи и зэфIэкIкIи адрейхэм куэдкIэ къазэрыхэщым гу щылъитарауэ къыщIэкIынущ...

ПцIы зыхэмылъыжырщи, зи къэфэкIэ хьэлэмэтыщэм теухуауэ «Дыгъэ къуэмыхьэж» усэр Къэшэж Иннэ итха, зи дахагъэр Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ и скульптурэ образ хъуа Шэру Соня гъуэгуанэ дахэ къикIуащ.

1946 гъэм Соня хагъэхьащ а зэманым ирихьэлIэу икъукIэ цIэрыIуэ хъуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым Уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым. А гуп гъуэзэджэм Шэру Соня зэрыхэта илъэсхэм къриубыдэу ди къэфакIуэхэр союзпсо, дунейпсо фестивалхэм я лауреат зыбжанэрэ хъуащ. «Соня хуэдэу къофэ» жаIамэ, ар пщащэхэм я дежкIэ щытхъухэм я нэхъ лъапIэщ. Шэрум и къэфэкIэу щытар гъэсакIуэ куэдым нобэр къыздэсым къахуэмыIуэтами, гурыIуэгъуэ хъуар зыщ: ар къафэм и щэху псори къызэIузыхыфа къэфакIуэт.

И къару емыблэжу зэрылэжьам, езыр цIыху уардэу, удихьэхыу зэрыщытам я фIыщIэкIэ, Шэру Соня Кавказым и къэфакIуэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ хъуащ. Абы «къафэм и гуащэкIэ» еджэрт. Соттаев Къанщауэ Соня игу къыщигъэкIыжкIэ къыхегъэщ: «ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалым (Москва) дыщыхэтам, дыкъэфэн и пэ къихуэу, Соня утыкум къихьэри, «Къафэм» и тхыдэмрэ и купщIэмрэ тепсэлъыхьат. Зыкъэдгъэлъэгъуа нэужь, зэхыхьэм и къэпщытакIуэ гупым хэта Улановэ Галинэ Соня IэплIэ къыхуищIри, жиIат: «Мы къафэмрэ мы цIыхубзымрэ фиIэмэ, зэи фыкIуэдынукъым».

Шэру Соня кинофильмхэмрэ телефильмхэмрэ мызэ-мытIэу хэтащ. Абы республикэм и лъэпкъ къафэм зегъэужьыным къаруушхуэ ирихьэлIащ, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ иджыпсту щылажьэхэм ящыщ куэд а гъуэгуанэм тригъэуващ.

Урысейр Къэбэрдейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум ирихьэлIэу Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ и фэеплъыр щаухуэм, Шэру Соня и теплъэм ар тращIыкIыныр



зэрымыщIэкIэ къэхъуа Iуэхукъым. Къэралым и къалащхьэм щыцIэрыIуэ художникхэу Махтин С., Листопадов М. сымэ куэдрэ хэплъа нэужь, адыгэ пщащэм и гуакIуагъэ псори зыхэлъу къалъытар Соняти, абы къытеувыIауэ щытащ. Соня Ленинград ирагъэблагъэри, лъэпкъ фащэ зэхуэмыдэхэр щыгъыу сурэт хьэлэмэт куэд трахат, уеблэмэ езы сурэтыщIхэми шэрджэс пщащэм и дахагъэр я лэжьыгъэхэм къыщагъэлъэгъуат.

Творчествэм и IэнатIэм щызэфIигъэкIа лэжьыгъэшхуэм папщIэ Шэру Соня кърататщ ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь орденыр, «Псэемыблэжу зэрылажьэм папщIэ» юбилей медалыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр.

Шэру Соня зэи ягу ихункъым абы и зэфIэкIым, Iэзагъэм дихьэхыу щытахэм.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

# Догъагъэ цIыхур, дунейр, щIыуэпсыр

**«ФIылъагъуныгъэр щымыIамэ, мы дунеижьри мыгъэгъэнт, ар цIыхухэм я гум имылъамэ, цIыху насыпыфIи щымыIэнт», - щыжиIащ Иуан Владимир и уэрэдхэм ящыщ зым. Дунейр ядэгъагъэу, я гуапагъэкIэ дэнэ щIыпIи зыкъыщрагъэцIыхуу илъэс 80-кIэ къэгъуэгурыкIуащ «Кабардинка»-м хэтахэр. Абыхэм ящыщщ утыкушхуэхэм екIуу ита Къарэжь Людмилэ.**

АР 1945 гъэм Нарткъалэ къыщалъхуащ, и ныбжьыр илъэс 15-м иту зи гугъу тщIы ансамбль цIэрыIуэм хыхьащ. Щысабийм къыщыщIэдзауэ къафэхэм ар ящыщакъым, уеблэмэ «игъащIэми сыкъафэу щытатэкъым», - жеIэ, и щIалэгъуэр Людэ игу къыщигъэкIыжкIэ. «АтIэ дауэ фIыуэ псоми ялъэгъуа къэфакIуэ зэкIуж къызэрыпхэкIар?», - плъэмыкIыу уоупщI абы. Жэуапращ: «Си анэм и чэнджэщкIэ».

Анэм и хабзэр пхъум и бзыпхъэщ жыхуаIэрщи, Людэ къыхиха IэщIагъэкIи къикIуа гъуэгуанэкIи щыуакъым. Щыуакъым анэм едаIуэу «Кабардинка» ансамблыр къызэрыхихамкIэ. 1968 гъэм Къарэжьым КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ.

- Алэкъей Мухьэмэд, Соттаев Къанщауэ, Мысачэ Валентинэ, Ало Жаннэ, Хъыдзэдж Анатолэ, Мамбэт Хьэсэн, ДзыхьмыщIхэ Къэралбийрэ Зарэрэ, Марыщ Заур сымэ хуэдэ къэфакIуэхэр гъуэтыгъуей хъуну къысщохъу ди зэманым. Даущийуэ ди щIыбагъ къыдэтащ Ульбашев Мутай - цIыху гъуэзэджэр, Аронов Евгений - сыт хуэдэ IуэхукIи щIэгъэкъуэн къытхуэхъуар, - жеIэ Людэ.

Людэ и гукъэкIыжхэм яхэтщ Кулиев Къайсын илъэс 50 зэрырикъум и щIыхькIэ Москва, Чайковскэм и цIэр зезыхьэ концерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIауэ щыта зэIущIэшхуэм Марыщ Зауррэ пшынауэ Iэзэ ПщыхьэщIэ Мухьэжыррэ и гъусэу ирагъэблэгъауэ зэрыщытар.

«Дуней псом щикъухьа адыгэхэм дэнэкIи дащыхуэзэрт, ди лъэпкъ гъуазджэм щыщу яхуэхъумам зыщыдгъэгъуазэрт, дызэдэуэршэрырт. А дакъикъэхэр сыт и уасэт?! ФIыгъуэ куэд къыдэкIуащ «Кабардинка»-м, - жеIэ Людэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Атэлыкъхэ я гъуазджэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ щэнхабзэм зыщезыгъэужьахэм пажэу яхэтащ Атэлыкъхэ Аслъэнджэрийрэ Жанусэрэ. Мы зэщхьэгъусэхэм я фэеплъхэрщ, къафэм и зы теплъэгъуэ къагъэувыIами ярейуэ, Налшык дэт «Победа» кинотеатрым тетыр. Скульптурэр махуэ къэс дызыIуплъэу дызэрыпагэ хъуну ди хъугъуэфIыгъуэщ, ауэ тIорысэ хъуащи, мылъэлъэжыпэ щIыкIэ, хуэфащэ гулъытэ ягъуэтамэ арат. Утыку нэхъ инхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр ихьэ щыхъуам щIыхь пылъу ар зыгъэлъэгъуахэм ящыщщ Жанусэрэ (Лэкъунхэ япхъущ) Аслъэнджэрийрэ.**



РЕСПУБЛИКЭР Москва щагъэлъапIэрт 1939 гъэм. ЦIыхубэ хозяйствэр къызэраIэтым папщIэ, КъБАССР-м Лениным и орденыр къыхуагъэфэщат 1934 гъэм. Абы щыгъуэм Налшык икIа къэфакIуэ гупым Iэгу хуеуэу, Сталиным жиIэгъат: «Адыгэ къафэм хабзэ хэлъщ».

А зэманым Аслъэнджэрий къэрал ансамблым щылажьэрт: езыри къафэрт, щIалэгъуалэри а гъуазджэм хуигъасэрт. ЖыпIэ хъунущ адэ-анэм я гъуэгум япхъу Зое ирикIуэжауэ. Абы цIыхэ дыдэу къэфакIуэ Iэзэ къыхэкIащ.

- Артисткэ цIэрыIуэхэу Шэру Сонярэ Зангий Иринэрэ зэпымыууэ я нэIэ къыстетащ, абыхэм я фIыгъэкIи къэфэкIэм и щэху куэд псынщIэу къэсщIащ, - жеIэ Зое. - Апхуэдэу 1957 гъэм Москва зыкъыщызыгъэлъэгъуэнухэм сахэхуащ. ДгъэзащIэрт удж-пыхури, удж-хэшри, ислъэмейри. Абыхэм къищынэмыщIа, Мураделли Вано итха «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» музыкэмкIэ къафэ гъэщIэгъуэныщи дагъэгъэхьэзырат. Ди музыкантхэм я Iэзагъым къылъэщIыхьэн гуэтыгъуейти, дыгуэзэвэхэртэкъым: Къашыргъэ КIурацэ, Борий Линэ, ДыщэкI ФатIимэ (пшынауэхэр) сымэ, Ашуров Тэнэхъум, абы и къуэ Падацур (зурна), Ало ПIотIэ (бэрэбанауэ) - мыбыхэм ансамблым и пщIэр нэхъри яIэтырт. Ди къэралым и къалащхьэм япэу сыщыдыхьар а гуфIэгъуэ махуэшхуэрти, зэи сщымыгъупщэжын хъуащ ар. Гуапэу дызэрырагъэблэгъар, удз гъэгъахэр, цIыху нэфIэгъуфIэхэр - ноби си нэгум щIэтщ а махуэхэр. Ансамблым сызэрыхэтам къриубыдэу зы махуэ пщIэншэу е IуэхуншэуIщыдгъэкIуа къэхъуакъым. Союзхэм я унэм и Колоннэ залым, Горькэм и жыг хадэм, Театр Иным - зыкъыщыдмыгъэлъагъуэ щыIэтэкъым. Дригушхуэрт Кавказыр Урысейм къызэредгъэцIыхум.

Сызыхэта гупым хьэл сфIэфIу хэлъаращ: уэрамым дыщыдэтым и деж сурэт къыттрахынуми зы къафэ нэхъ мыхъуми яхуэдгъэзэщIэну къыдэлъэIуми, зыри дгъэщIэхъуртэкъым.

«Кабардинка»-р япэ дыдэу хамэ къэрал щыкIуар 1958 гъэрщ. Монголием и къалащхьэ Улан-Батор къалэрт къэфакIуэ гупыр здрагъэблэгъар. А къэралым Зое щилъэгъуахэр гукъэкIыж щхьэхуэу иIэщ. Махуэ къэс концерт тIурытI-щырыщ ятырт, абыкIэ щыIэ къуажэхэм зыкъыщрагъэгъэлъагъуэрт. Зое зэрыжиIэжымкIэ, а жылэхэр куэдкIэ къащхьэщыкIырт дызэса къуажэхэм я теплъэм: чыкIэ къэхухьа унэ хъурей цIыкIухэрт цIыкIухэр щыпсэур. «Къуажэдэсхэм ягу дрихьырт, ди фащэри ди къэфэкIэри яфIэдахэт, - жеIэ Зое. - Урысейм и лIыкIуэу а зэманым Монголием щыIа Молотовыр сыт щыгъуи концертхэм япэ къихуэу къытIущIэрт... дапщэщи екIуу хуэпат, и хьэ фIыцIэшхуитIыр щIыгъут. Борий Ирэ, Къуэдзокъуэ Людэ, сэ «монгол къафэ» дагъэгъэзэщIауэ щытащ... ДыздэщыIэ къэралыр оперэмрэ балетымкIэ лъэщт. Апхуэдэ пшыхьи дыхэтат».

1957 гъэм Москва щекIуэкIа VI дунейпсо фестивалым и дыщэ медалыр къэфакIуэ гупым къызэрахьар я нэхъ ехъулIэныгъэшхуэу къелъытэ Зое. «КъэфакIуэхэр, уэрэджыIакIуэхэр куэду къызэкIуэлIа а зэхуэсышхуэм дыщызэрагъакIуэртэкъым: «Фыхэт? Дэнэ фыкъикIа?», - жаIэу псоми дафIэгъэщIэгъуэнт, - пещэ Атэлыкъым. - Апхуэдэ къару зиIэр, дауи, ди лъэпкъ фащэрт, къафэрт. Фестивалым щIидзэн и пэкIэ, зыкъэзыгъэлъэгъуэнухэр Лениным и цIэр зезыхьэ стадионым дыщызэхуашэсри, къэралым и Правительствэм хэтхэм зыкъытхуагъэзэуэ щытащ, егъэлеиныгъэ гуэри техьэулеикIи Iуэхум къыхэхуэ зэрымыхъунур къыдгурагъаIуэу. Зи фэр фIыцIэ цIыху Шотландием щыпсэу цIыхухъухэм я зыхуэпэкIэр, нэгуэщI хьэлэмэт куэди абы щыдгъуэм япэу къэтлъэгъуат. ИтIанэ, Иорданием къыбгъэдэкIыу къэкIуахэм адыгэ куэд я гъусат, Сэтэней зи цIэ зы цIыхубзи къэтцIыхуауэ щытащ. Ахэр лъэIуат Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIым щыщ тIэкIу къытхуэфшэ, жаIэри. Хурагъэшат...

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# ПщIэ къыпхуэзыщI, пщIэ зыхуозыгъэщI



Къашыргъэ Билал

**Къашыргъэ Билал лъэныкъуэ куэдкIэ зэчий зыбгъэдэлъ цIыхущ. РСФСР-м щIыхь зиIэ и артистыр зэрысабийрэ екIуу къафэ, дахэу уэрэд жеIэ, макъамэ еус. И анэ, Къашыргъэ КIурацэ, шэч хэмылъу, ижь къыщIихуащ абы.**

КУЭД щIауэ социIыху Билал икIи си ныбжьэгъущ. Абы ухуэзэнуи уепсэлъэнуи сыт щыгъуи гуапэщ. Езыр зэщIэкъуащ, пщIэ къыпхуэзыщI, пщIэ зыхуозыгъэщI, зи щхьэр лъагэу зымыIэт цIыхущ.

Ар гъуазджэм пасэу хыхьащ. Римский-Корсаков и цIэр зэрихьэу Ленинград дэт консерваторэм блэкIа лIэщIыгъуэм и 50 гъэхэм щеджащ. Мыбдеж абы къыщицIыхуащ езым и лъэпкъэгъу, композитор Къардэн Хьэсэн.

Консерваторэр къиухри, Къашыргъэ Билал и лъахэм къигъэзэжащ, КъБАССР-м Телевиденэмрэ радиомкIэ и къэрал комитетым и уэрэджыIакIуэ гупым илъэс куэдкIэ хэтащ.

Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъуа 1957 гъэм абы ССР-хэм я Союзым и Театрышхуэм и сценэм щигъэзэщIащ Сосрыкъуэ и ролыр.

- «Нартхэр» макъамэ-хореографие поэмэр абы щыгъуэм япэу дгъэлъэгъуауэ арат, - игу къегъэкIыж Билал. - Уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым мы лэжьыгъэмкIэт япэу театр зыкъэзгъэлъэгъуэныгъэм зэрызрипщытар, атIэми, ар москвадэсхэм хуабжьу ягу ирихьат. Сэтэнейуэ Сосмакъ Валентинэ щытат. Балетыр зыгъэувар Корень Сергейт, СССР-м и Театр Иным и оркестрым и дирижёрт Тюлин Даниил».

Къашыргъэм «РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр къыфIащащ. А илъэс дыдэм Билал ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я VI Дунейпсо фестиваль Москва щекIуэкIам ансамблым хэту щыIащ икIи Шэру Соня и гъусэу къыщыфащ. Дуней псом щыцIэрыIуэ балетмейстер икIи хореограф Моисеев Игорь къахуэгуапэу тIуми къаритащ фестивалым и дыщэ медалымрэ лауреатым и дипломымрэ.

- ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я VI Дунейпсо фестивалым къекIуэлIат къэрали 120-м щыщ ныбжьыщIэрэ студенту мин 30-м щIигъу. ГуфIэгъуэ зэIущIэр къызэIуаха нэужь, дэ зэдгъэцIыхуат Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъу Къунаш Хьусен. Ар къыщIыхэзгъэщыр апхуэдэ зэIущIэхэм я мыхьэнэ нэхъыщхьэр зэныбжьэгъу узэхуэхъуным, нэгъуэщI щIыпIэ щыпсэу адыгэхэр къэдгъуэтыжыным нэхъыбэу зэрыхэслъагъуэрщ, - жеIэ къэфакIуэм. - А фестивалым и дыщэ медалыр къэтхьащ, ансамблым хэтхэм ди къарур зэхэтлъхьэри. Налшык дыкъыщыкIуэжам къытпежьахэм я гуфIэгъуэр пхужымыIэным хуэдизт.

КъыкIэлъыкIуэ гъэунэхуныгъэу Уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым дежкIэ щытащ Театрхэм, ансамблхэм, хорхэм я союзпсо фестивалыр, Чайковскэм и цIэр зезыхьэ Концерт залым къыщызэIуахахэр. Октябрь революцэр илъэс 40 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэща фестивалми ди ансамблым япэ увыпIэр къыщихьат. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Уэрэдымрэ къафэмкIэ и къэрал ансамблыр 1957 гъэм кърикубыдэу щэнейрэ лауреат хъуат.

Къашыргъэ Билал макъамэ щIилъхьащ КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Геттуев Максим, Балъкъэр Фоусэт сымэ, нэгъуэщIхэми я усэхэм. А уэрэдхэр иджыри ди республикэм щыцIэрыIуэщ. Билал щIыхьышхуэ къыхуихьащ «Зовут меня в Балкарию» уэрэд цIэрыIуэм. Абы и псалъэхэр зытхар пасэ дыдэу къэрал псом цIэрыIуэ щыхъуа адыгэ усакIуэ Къэшэж Иннэт.

Билал езым сыт и лъэныкъуэкIи насыпыфIэу зыкъелъытэж. Абы и гъащIэр къехъулIащ - ныбжьэгъуфIхэр, Iыхьлы гумащIэхэр иIэщ, и унагъуэри хъуэпсэгъуэщ. И щхьэгъусэ Нелли ди республикэм и лъэпкъ балет спектаклхэр игъэбжьыфIащ, и къуэ Исмэхьили гъуазджэм зэфIэкIышхуэ къыщегъэлъагъуэ.

Къашыргъэм фIыуэ елъагъу щIыуэпсыр. Абы ди республикэм и щIыпIэ псори къызэхикIухьащ икIи жеIэ ди псыежэххэр - Урыхуи, Шэрэджи, Шэджэми, Бахъсэни, Балъкъи - я IэфIагъкIи, къежэхыкIэкIи зэщхьэщыкIыу.

Билал лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм зегъэужьыным зи гур ета цIыхущ.

**МАМЫЩ Кашиф,**
*КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*

## Ди къэфакIуэхэр къазэрыщыхьуар журналистхэм я псалъэкIэ

**«Либиан Мэйл» (Триполи):**

*Дауэ мыхъуми, Урысей Ипщэм и къуршхэм я хьэуа къабзэм зы къафу гуэр хэлъщ, абы щыпсэухэм гъащIэм гурыфIыгъуэ хригъэлъагъуэу, къэфэным, уэрэд жыIэным зэрыхуэмыгъуэ я гур хуигъэжану. ЦIыху 47-рэ хъууэ Триполи къеблэгъа «Кабардинка»-м хэт щIалэгъуалэм ику иту я ныбжьыр илъэс 20 ирикъуу араш, нэхъыщIэ дыдэр 16 хъуа къудейщ... ЩIалэхэм къызыхэкIа лъэпкъым хуэфащэу заIыгъ, къару мыкIуэщI ядыболъагъу. Хъыджэбзхэр дахэ дыдэщ: щхьэцыгъуэ ухуэнахэмрэ я Iэпкълъэпкъ псыгъуэмрэ уатхьэкъу... Телъыджэщ. Мыбыхэм я концертхэр гуфIэгъуэшхуэщ. КъэфакIуэ гупыр зэ зылъэгъуам ар щыгъупщэнукъым. Дэтхэнэ къэфакIуэри артист нэсщ, нэхъыбэу бгъэщIагъуэр лъакъуэхэр зэрызэблахым и псынщIагъырщ. Ар плъагъун хуейщ. «Къуршыбгъэ», «ЛIыжь къафэ», нэгъуэщI куэдми ди псэр ятхьэкъуащ. Абыхэм къытебгъэзэжыфэ Iэджэрэ уеплъыфынущ.*

# Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист Алэкъей Мухьэмэд



**1952 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэт. Илъэс 12 фIэкIа мыхъуами, Алэкъей Мухьэмэд тегушхуэри Уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым кIуат, яхыхьэну хуейуэ. А зэманым гупым хэтхэр балигъ защIэт, я ныбжьыр илъэс 25-м къыщыщIидзэу. Дауи къащтат щIалэ цIыкIур ансамблым?! «Нобэми ар сэ езым къызгурыIуэжыркъым. Си насып кърихьэкIауэ къызолъытэ. ЗэрыжаIэщи, и зэманым, и чэзум срихьэлIащ. Гупым и балетмейстер Смелянский Леонид си къэфэкIэм еплъати, игу ирихьагъэнт, сыкъигъэнауэ щытащ», - къыддогуашэ Алэкъейр.**

НЫБЖЬЫЩIЭМ къафэ щхьэхуэхэр зэкIэ имыгъэзащIэми, гупым и гъусэу Нартсанэ, Псыхуабэ, Армавир, Ростов, Харьков, Киев, Львов къызэхикIухьырт.

1956 - 1957 гъэхэм: Сыбыр, Урал, Поволжье, Прибалтикэ, Украинэ, Белоруссие - ансамблым щIэх-щIэхыурэ концертхэр ет. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъу илъэсым Мухьэмэд и ныбжьыр 17-м нэблэгъат. Махуэшхуэр зэрагъэлъэпIэнум илъэситIкIэ зыхуагъэхьэзыращ. Ансамблым къищынэмыщIауэ, а Iуэхум къыхашауэ щытащ республикэм щылажьэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэр. ЦIыху 350-рэ Москва ягъэкIуат. Алэкъейм зэрыжиIэжымкIэ, абы щыгъуэ ягъэлъэгъуауэ щытащ Шейблер Трувор и «Нартхэр» оперэбалетыр. Ар ягъэуват Театр Иным и солист Корин Сергей, Дашу Хьэшыр, Ленинград щыщ балетмейстер Гальперин Григорий сымэ. Бэтрэзу джэгуар Чехрадзе Дадикот, Сэтэнейр Сосмакъ Валентинэт, Алэкъейм къыхуагъэфэщат Сосрыкъуэ и ролыр. Нэхъ хьэлэмэтратэкъэ, Мухьэмэд къафэу, Сосрыкъуэ и партиер Къашыргъэ Билал игъэзащIэу къызэрагъэпэщат. «Уэрэдыр зэрыжысIэн макъ збгъэдэлътэкъыми, апхуэдэ Iэмалым дыхуекIуат», - жеIэ Мухьэмэд.

Алэкъейр илъэс 20-м иту арат «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр къыщыфIащам. И ныбжьыр илъэс 24-рэ щыхъуам, абы иIэт «КъБАССР-м и цIыхубэ артист» цIэри. Илъэсих дэкIри, а ехъулIэныгъэхэм къакIэлъыкIуащ «УФ-м щIыхь зиIэ и артист» фIэщыгъэри.

Мухьэмэд хэтащ 1957 гъэм ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалу Москва щекIуэкIам. Абы ди «Къафэм» дыщэ медалыр къыщыхуагъэфэщащ. «Сэ куэд си нэгу щIэкIащ, ауэ мыбы хуэдэ къэфэкIэ екIу слъэгъуакъым. Къыу дахэхэр Москва къесылIа фIэкI къысщыхъуакъым», - жиIат Улановэ Галинэ.

ЦIыху гуащIафIэм и гукъэкIыжхэри купщIафIэщ. Псом хуэмыдэу Мухьэмэд дежкIэ лъапIэщ 1958 гъэм ансамблыр Монголием зэрыщыIар. Улан-Батор къалэм, Оперэмрэ балетымкIэ Монголие театрым, концерт 33-рэ щатат. А зэманым СССР-м и лIыкIуэу Монголием щыIэр Молотов Вячеславт. Абы и щхьэгъусэ Жемчужинэ Полинэ и жэрдэмкIэ, иужьрей пшыхьым Монголие театрым и зы артисткэрэ Мухьэмэдрэ ислъэмей къыщызэдагъэфауэ щытащ.

1962 гъэм Алэкъейр армэм дашащ. Совет Союзым и гъэунэхупIэ полигон нэхъыщхьэ Капустин Яр, спутникхэр щагъэлъатэ щIыпIэрат, абы и къулыкъур щрихьэкIар. Абы щыщыIэми, къэфакIуэм и зэфIэкI игъэлъэгъуащ. Хэку зауэшхуэм текIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 20 щрикъум абы игъэхьэзырат Кавказ дзэ округым хиубыдэхэр зыхэта концерт. А махуэшхуэм кIэлъыплъат Брежневри политбюром хэтхэри.

КIуэкIуэ Валерий зыгуэр еупщIат: «Сыт уи дежкIэ «Кабардинка»-р?» - жиIэри. Жэуапыр кIэщIт, ауэ купщIафIэт: «Ар лъэпкъым и набдзэщ», - игу къегъэкIыж Алэкъейм.

Илъэс пщыкIутI фIэкIа мыхъуауэ Мухьэмэд ансамблым къызэращтам иджыри зы фIыгъуэшхуэ хелъагъуэ. Зэман зэхуэмыдэхэм гупым и балетмейстеру щыта цIыху цIэрыIуэ куэдым я деж зыщигъэсэну Iэмал иIащ. Апхуэдэхэт Смелянский Леонид, Мариинскэ театрым и къэфакIуэ пажэу щыта Гальперин Григорий, Дашу Хьэшыр, Ульбашев Мутай, Багдасаров Михаил, Никаев Ахьмэд сымэ.

Си гугъэщ лъэпкъым и «вагъуэу» илъэс 80 лъандэрэ адыгэм къыдэгъуэгурыкIуэ «Кабардинка»-м фэеплъ хуэбгъэувыну къилэжьу. Осетием и «Алан»-м, лъэпкъыр зэрыригушхуэр къырагъэлъагъуэу, щIалэрэ хъыджэбзрэ къызэдэфэу, пшынауэр лъэныкъуэкIэ къыщысу фэеплъ дахэ хуагъэуващ. «Кабардинка»-м хуэмыфащэу пIэрэ апхуэдэ?!

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Ди къэфакIуэхэр къазэрыщыхъуар журналистхэм я псалъэкIэ

**«Ла Пренса»**, *Альварадо Мрио Альфало:*

*Никарагуа япэу зыкъыщызыгъэлъагъуэ совет артистхэм гулъытэ зыхуагъэщI. Абыхэм ягъэлъагъуэ гъуазджэм сыт хуэдэ къэралми пщIэ щиIэнущ.*

*Лъэпкъ фащэм пщIэшхуэ зэрыхуащIыр зыхыуигъэщIэну «Кабардинка»-м къохъулIэ. КъэфакIуэхэм ягъэзащIэм лъагъуныгъэ, пагагъэ, уардагъэ хэлъщ. ЩIалэхэм я жыджэрагъым пэщIэтщ щабэу къафэ хъыджэбз лантIэхэр. Ахэр зэгъусэу къыщызэдэфэкIэ, уи нэгу къыщIагъэхьэ бгырыс цIыхубзхэмрэ лIыхъужьхэмрэ я зы дуней.*

**«Эль соль де Мехико»** *(Мехикэ):*

*«Кабардинка»-р гуп гъуэзэджэщ. «Ислъэмей», «Къафэ», «Мэлыхъуэ къафэ», «Абдзэх», нэгъуэщI къафэхэми къыбжаIэ Совет Союзым къикIахэм IуэрыIуатэ къулей къазэрыдэгъуэгурыкIуэр.*

# ГъащIэ гъуэмылэ

**Узун-Яйла (Тырку) щIыпIэм щыIэ адыгэ къуажэхэм щыпсэухэм Пащты Мадинэрэ (АР-м и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и лэжьакIуэ) сэрэ дахыхьат-дахэкIати, Думэныщ Iэулэдин и цIэр абы зэрыщаIэтым, езыр и щхьэкIэ сымыцIыхуми, пагагъэ къысхилъхьат. Тыркум щыIэ а адыгэ къуажэхэм дэсхэм ял щIэуз е щIэгуфIэ Iуэхугъуэхэр сыт хуэдэ жыпIэу къебгъажьэмэ, си фIэщ хъуркъым Iэулэдин хуэдэу ар къызыгурыIуэнрэ зэхэзыщIыкIынрэ щыIэу. Ар илъэс бжыгъэкIэ а щIыпIэм щыпсэуати, IуэрыIуатэ, гъуазджэ, щэнхабзэ, бзэ я лъэныкъуэкIэ лIыжьрэ фызыжьу зэпсэлъам гъуни нэзи иIэкъым.**

СИ НАСЫП кърихьэкIри, нэхъ иужьыIуэкIэ Iэулэдин нэIуасэ сыхуэхъуащ. Пэжращи, сыту фIыт, ярэби, мыпхуэдэ цIыху сызэрыхуэзар жысIэу ар чэнджэщэгъуфI къысхуэхъуащ. Абы и дунейм ухыхьэн щхьэкIэ, а дунейр къызэрыпхьэхун гъащIэ гъуэмылэкIэ, IэмэпсымэкIэ, Iэщэ-фащэкIэ узэщIэузэдауэ щытын хуейщ. ЩIэныгъэрщ зи гугъу сщIыр. Iуэхум зыгуэр тIэкIукIэ ущыгъуазэу абы ущыбгъэдыхьэкIэ, а мащIэр моуэ дуней и инагъыу пхузэщIигъэбэтауэ къыбжиIэфынущ а лIым.

ЗэрыжысIащи, Iэулэдин лIыжь-фызыжь куэдми яIущIащ, епсэлъащ щIэныгъэм и цIыху цIэрыIуэу нобэ зи цIэ куэдрэ къитIуэ КъардэнгъущI Зырамыку, ГъукIэмыхъу Iэбубэчыр, Дыгъужь ФуIэд сымэ, хамэщI къикIыжахэм, нэгъуэщIхэми. Апхуэдэурэ лъэпкъыр зэрыпсэун, зэрыгъуэзэн хуей Iэмал Iэджэ Iэулэдин езым и щхьэм гъэщIэгъуэну щызэтриублащ.

Лъэпкъым къыдекIуэкIа хабзэхэм уащытепсэлъыхькIэ, пIэщIэгъупщыкIаIамэ, ар сыту пIэрэ сэ щIызэхэзмыхар жыпIэу, зи гугъу пщIам хуэдэу тIу, щы къыпхущIигъужынущ. А цIыхур щIэзгъэлъапIэм ящыщ зыщ ари. Куэдым щыгъуазэщ: Iэнэ зехьэкIэ жыпIэми, цIыхухъу-цIыхубз зэхущытыкIэм ехьэлIами, сабийм и гъэсэныгъэми. ЖысIэращи, адыгэ гъащIэм хэлъахэр, ноби абы къыдэгъуэгурыкIуэхэр зэтещыпыкIауэ Iэулэдин щIэныгъэ зэхуэмыдэкIэ къуегъэлъагъуф.

Iэулэдин и цIэр жыжьэ щIэIуар абы къафэ гъуазджэм зэхъуэкIыныгъэрэ зыужьыныгъэу иритаращ. ЦIыхум и щхъуэфэцыр игъэтэджу, и нэпсыр хуэмыубыду, и гур хуэмыгъэсабырыжу ищIу къафэм и теплъэмрэ абы и лъагъуэмрэ Iэулэдин хьэлэмэту хузэпыщIэжащ. Илъэс 60 и пэкIэ «Кабардинка» къэфакIуэ гупыр утыку итами, куэд хузэфIэкIами, зыгуэрым и гуащIэ згъэкIуэдынуи сыхуейкъым, ауэ «адыгэ къафэщ» хужыпIэн хуэдэу, а гъуазджэм псэ хэзылъхьэжар Iэулэдинщ. «Адыгэ» щыжытIэкIэ, абы къызэщIеубыдэ, къэбэрдейхэм я мызакъуэу, бжьэдыгъури, шапсыгъри, абэзэхэри, убыхри, мэздэгу адыгэхэри. Абыхэм я къафэхэр псори къызэщIищыпэжри, Думэныщым къафэм и тхыпхъэри, къэуджыкIэри зы жыпхъэм, къупхъэм иригъэтIысхьэжащ. Ахэр абы «Кабардинка» ансамблымкIэ утыку кърихьащ.

Апхуэдиз акъылрэ губзыгъагъэрэ зыхэлъ къафэ гъуазджэр зэгъэуIужауэ утыкум щытлъэгъуами, щIэблэм бгъэдэтлъхьэжын хуэдэу а дахагъэр Iэулэдин и бзэкIэ къэIуэтэжауэ диIащэрэт, жызоIэ.

ЦIыху пэжщ, захуэщ, ауэ икIи пхъашэщ. IуэрыIуатэрщ сэ сызэлэжьри, Iуэхум сызэрыбгъэдыхьэным ехьэлIауэ набдзэгубдзаплъагъ зыхызигъэлъхьащ Iэулэдин. «Феджэ закъуэкIэ зыгуэр къывгурыIуэным фыпэмыплъэу, лэжьыгъэм фыхэджэгухь, фыхэуджыхь, ар фи пкъым ивмыгъэкIмэ, Iуэхур адэкIэ вгъэкIуэтэфыну фыщымыгугъ», - жеIэ Думэныщым.

КIыщрэ хьэщIэщрэ. А тIум лъэпкъ гупсысэмрэ псалъэмрэ щызэрагъакIуэу, зэхуэсыпIэ бэлыхьу адыгэм иIащ. Дауэ ди жагъуэ мыхъуми, дызэрыт лъэхъэнэм ахэр хэгъуэщэжащ. ДиIэжамэ, кIыщри хьэщIэщри гъэщIэгъуэн дыдэу зезыгъэкIуэфынт Iэулэдин. Ущымытхъуэщэ, пхуэубыжынкъым, жаIэ. Апхуэдэу щытми, Думэныщ Iэулэдин нэхъыфIу щыIэр хуэфащэщи, сохъуэхъу иджыпсту зэрыщытым мынэхъыкIэу, узыншэу, зэIузэпэщу, зыгъэгуфIэн нэхъыбэ гъащIэм хилъагъуэу иджыри илъэс куэдкIэ ди япэ итыну.

**ТАБЫЩ Мурат,**
*КъБР-м и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и лэжьакIуэ.*

# Тхьэр зыхуэупса Шортэн Аллэ



Шортэн Аллэ. *1973 гъэ*

**<u>ЦIыхубз гъэщIэгъуэныщэщ, зи дуней тетыкIэмрэ зыIыгъыкIэмкIэ зыхэтхэм къахэщым и щапхъэ нэсщ, жыпIэкIэ ущыуэнукъым Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз артисткэ Шортэн Аллэ. «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым илъэс куэдкIэ зэрыхэтам и закъуэкъым ар къызэрацIыхур. Аллэ и дахагъыр дунейм щызэлъащIысауэ щытащ: абы и сурэтыр зытет «Танцующая пара» кIэнфет пхъуантэр дэнэ щIыпIи щащэрт.</u>**

ТХАКIУЭ Шортэн Аскэрбийрэ артисткэ цIэрыIуэ Даниткэрэ япхъу цIыкIур и адэ-анэм ещхь хъун хуейтэкъэ?! Даниткэ ипхъу закъуэр пианинэм хуригъэджэну и гугъат. И анэм и хьэтыркIэ а макъамэ Iэмэпсымэм еуэу зригъэсами, Аллэ ар IэщIагъэ хуэхъуакъым. Абы къыхиха IэщIагъэм и гур къыхуэзыгъэушар Шэру Сонящ, абы и утыку итыкIэр илъэгъуа иужьщ адыгэ къафэм ар хьэщыкъ щыхуэхъуар.

Курыт еджапIэм и къэфакIуэ ансамблым хыхьа Аллэ утыкур зэи ибгынакъым. Университетым щыщIэсами, абы и къэфакIуэ гупым хэтащ. А зэманым ди республикэм щэнхабзэмкIэ и министру щыта Ефэнды Джылахъстэн зи пашэ къулыкъущIэ зыбжанэ университетым кIуэуэ ансамблым и къэфэкIэм еплъа иужь, Аллэ къыхахауэ щытащ «Кабардинка» ансамблым хэту Африкэм ягъэкIуэну. Къэрал гъунапкъэм уикIыну ущыхуимыт зэманым Африкэм кIуэныр, абы щыгъуэми, «Кабардинка»-м и гъусэу, ныбжьыщIэм дежкIэ пщIыхьэпIэм хуэдэт.

- Си адэм сызэримыутIыпщынур къызгурыIуэрт, сызипхъур къищIа иужь, Джылахъстэни «нэгъуэщI къэгъуэтын зэрыхуейр» жиIат. Унэм сыкъыздэкIуэжам си адэр, уIэлиуди, къытхутегъэхьэртэкъым. Жэщ псом сыгъащ. Нэху сыкъекIа нэужь, си еджэным зэран зэрыхуэзмыгъэхъунумкIэ, ар зэрыхыфIэзмыдзэнумкIэ псалъэ быдэ сIихри, хуит сищIауэ щытащ, - игу къегъэкIыж Аллэ. - Университетыр хыфIэздзэнкIэ си адэр щIэшынэр гурыIуэгъуэт: зэман пыухыкIа фIэкIа узэримылэжьэфыну IэщIагъэ закъуэкIэ укъэувыIэ хъунутэкъым, щIэныгъэ ищхьи зэгъэгъуэтын хуейт. ИтIанэ, сытым дежи абы къызжиIэрт: «Сценэр псыпцIэм хуэдэщ, ущIилъафэмэ, зэфIэкIащ. Iэгуауэр зэ зыхуаIэта цIыхур абы къикIыжыфыркъым». А зэманым щыщIэдзауэ илъэс 20-м щIигъукIэ «Кабардинка»-м хэтащ Аллэ. Абы университетри къиухащ.

А лъэхъэнэхэм ар зыцIыхуу щытахэм жаIэжу зэрызэхэсхамкIэ, уи фIэщ хъунутэкъым Шортэныр апхуэдиз илъэс хъуауэ ансамблым къыщцыфэу. И зыIыгъыкIэкIи, и теплъэкIи, ар езым нэхърэ илъэс куэдкIэ нэхъыщIэ къэфакIуэхэм ефIэкIырт.

НАСЫП. Мы псалъэм цIыхухэм къызэщIрагъэубыдэр зэхуэмыдэ защIэщ. Хэти и лэжьыгъэм дэрэжэгъуэ къритрэ мылъку иIэмэ, насыпыфIэщ, адрейхэм дежкIэ насыпыр узыншагъэмрэ бынунагъуэмрэщ, ещанэхэм ар зыхалъагъуэр нэгъуэщIщ. Аллэ насыпыфIэщ, щIэгъэкъуэн нэс къыхуэхъуу и адэ-анэр къызэрыщхьэщытамкIэ, Тхьэм узэрелъэIунщ жыхуаIэм хуэдэ и къуитIымкIэ. ЦIыхубзым и хьэлым нэхъыфI дыдэу хэлъхэм ящыщщ и Iыхьлыхэм, ныбжьэгъухэм фIэщхъуныгъэ зэрахилъхьэфыр. «Къапщтэмэ, сэ нэхъ сызэщхьу, зи хьэл-щэным щыщ нэхъыбэ схэлъу къысщыхъур си адэрщ, - жеIэ Аллэ. - Ар езэш зымыщIэ цIыху гуащIафIэт, зыхуигъэувыжа мурадым ерыщу хуэкIуэ цIыхут. Ауэ сыт хуэдэ ехъулIэныгъэ мы гъащIэм щызимыIами, къысхуэзыхьар си анэрщ. Ар мыхъуатэмэ, фIыуэ слъагъу къафэм сыхуэлэжьэфынутэкъым, щIыпIэ зэхуэмыдэхэм ансамблым и гъусэу сыкIуэфынкIэ Iэмал иIэтэкъым, си бынхэр зыхуей зэрыхуигъазэр, зэримыгъэмэжалIэр сымыщIатэмэ. Абы къыдэкIуэу, Венгрием щыIэ советыдзэхэм я гупым уэрэдымрэ къафэмкIэ я ансамблым илъэситхукIэ сыхэтащ. Илъэсым тхуэ нэхъыбэ сыкъэкIуэжыфыртэкъым, си адэми си бынхэми щхьэкIэ сызымыгъэгузэва си анэм сыхуэарэзыщ, ахърэт нэху Тхьэм кърит».

Шортэныр лэжьащ лъэпкъ къафэмкIэ УФ-мрэ КъБР-мрэ щапхъэу къыщалъыта «Кавказ пшэплъхэр» сабий ансамблым и балетмейстеру. Утыку итыкIэ екIум, къафэ гъуазджэм и щэхухэм ныбжьыщIэ куэд абы хуигъэсащ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

# ПщIыхьэпIэфIым хуэдэ илъэсхэр



Мамбэт Хьэсэн, Мысачэ Валентинэ, Балъкъэр СэфрэIил, Ало Жаннэ, Хъыдзэдж Анатолэ сымэ «Налшык» санаторэм и хьэщIэщ. *1975 гъэ*

**<u>Мы тхыгъэр зытедухуа Мамбэт Хьэсэн 1949 гъэм мэлыжьыхь мазэу Къулъкъужын Ищхъэрэ къыщалъхуащ. И школ кIуэгъуэ хъури, щIалэр Сэрмакъ интернатым ягъэкIуащ. Къэфэн Iуэхуи зэримыхуэу, абы классийр къыщиухащ.</u>**

УХУАКIУЭ училищэм щIэтIысхьауэ ар пхъащIэ IэщIагъэм хуеджэрт. Бэрэбэнауэ цIэрыIуэ иужькIэ къызыхэкIа Ало Арсени къыдеджэрт абы. ЩIалэм и къуэш нэхъыжь ПIотIэ а зэманым хэтт Уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым. ПIотIэрэ Арсенрэ я гъусэу Хьэсэн къэзылъэгъуа Ульбашев Мутай щIалэр гупым хыхьэну иригъэблэгъащ. А зэманым ансамблыр щIалэ жан, жыджэр хуэныкъуэт. Къуажэм къикIа щIалэ цIыкIум псори фIэгъэщIэгъуэну зригъэлъагъуурт, зэгугъужырт, зыхыхьам яхуэфэщэн артист хъуным хущIэкъурт.

«Гуп гъэса сыхэтащ, - жеIэ Мамбэтым. - Илъэс 15-16 зи ныбжьыну защIэт дыкъащтари, апхуэдэу цIэрыIуэ дыхъунуи, а лэжьыгъэм дыпэлъэщынуи тщIакъым. Щапхъэ тетхащ къэфакIуэ нэхъыжьхэм, гъуэгу захуэ дытрагъэувэным щхьэх ямыIэу елэжьащ ансамблым и унафэщIхэри. Ульбашев Мутай нэмыщI, къыдэгугъуащ Гальперин Григорий. Щэнхабзэми утыку итыкIэми дыхуэзыгъэсар а лIы Iущырт. Нобэ утыку кърахьэ къафэ куэдым я лъабжьэр аращ зыгъэтIылъар. Пэжыр жысIэнщи, пщIыхьэпIэфIым хуэдэу блэлъэтащ «Кабардинка»-м сызэрыщылэжьа илъэс тIощIыр».

Къыхэгъэщыпхъэщ дзэм къулыкъу щыщищIэми (Пермь), абы ансамбль щызэхэтым и зэфIэкI Мамбэтыр зэрыщемыблэжари.

Къэрал куэд илъэгъуащ Мамбэт Хьэсэн, езыми и къэфэкIэр дуней псом щигъэлъэгъуащ. Абы къызэрыхигъэщымкIэ, и щIалэгъуэм и лэжьыгъэм псэкIэ пэрытати, гугъуехь лъэпкъи зыхищIакъым. «1965 гъэм «Кабардинка»-м хыхьа гупыщIэм, щIалэхэми хъыджэбзхэми, къэфакIуэ нэхъыжьыфIхэм ягъэтIылъа лъабжьэм пщIэ хуэтщIащ, гъуэгу хашар зэрытхуэзэфIэкIкIэ едгъэфIэкIуащ. ЦIыхуфIхэт псори, уагъэлъэпэрэпэнутэкъым, уифIри къыбдаIыгъынут. Бэрэгъун Руслан, Мэрыш Заур, Балъкъэр Сашэ... куэдыр дызэныбжьэгъум нэхърэ дызэкъуэшыр нэхъ пэжу къыщIэкIынт. Дахуозэш къытхэмытыж КIэрэф Толэ, КIэш Фёдор сымэ», - жеIэ Хьэсэн.

Хьэсэн и щIалитIым зыр юристщ, адрейр ухуакIуэщ. Мамбэтым зэрыжиIэмкIэ, щIалэ нэхъыжьыр къафэми уэрэд жыIэнми хуэIэкIуэлъакIуэщ, гъуазджэр зыхилъхьэ щыIэкъым, ауэ ар IэщIагъэ хуэхъуакъым.

Ди гуапэщ мы нэхъыжьыфIыр щIэм я щапхъэу куэдрэ япэ итыну!

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# дунейр зэлъэгъэlэс

Дэркlэ хытlыгур телъыджэт. Абыи концерт гукъинэж щигъэлъэгъуащ «Кабардинка»-м. Псори зэхэту Тунис Республикэм тхьэмахуэкlэ щыlащ ансамблыр, Габес, Сфакс, Сусс, нэгъуэщl къалэхэми концерт щитащ. «Рус!», «Совьет!», «Кавказ!», «Кабардино-Балкария!» жаlэу, дэнэкlи дыщаlэтырт, ди пшыхьхэм цlыхухэр пэплъэрт, газетхэм тхыгъэшхуэхэр «Кабардинка»-м траухуэрт. Дыщэкl Фатlимэ, Уэрэзей Лидэ, Ашуров Падацур, Къуэдз Михаил, Сэхъу Борис, Новиков Геннадий сымэ я макъамэм игъэдымырт концерт пэшхэм къекlуалlэхэр, апхуэдиз lэзагъ ябгъэдэлът къэфакlуэхэми.

... Ансамблыр щыхьэщlащ Сусс къалэм и губернатор Шешиа Аморэ и деж. Ар хьэлэмэту къытхутепсэлъыхьащ езым и лъахэм, апхуэдэ дыдэуи фlэгъэщlэгъуэну Къэбэрдей-Балъкъэрым и псэукlэм щlэупщlащ, ди щэнхабзэ, экономикэ lуэхухэр зыхуэдэр зригъэщlащ...

Ливием и къалащхьэм щэкlуэгъуэм и 30-м дынэсащ. Триполи и кинотеатр нэхъыфl дыдэ «Ваддане»-м ансамблым концерт щитащ дыгъэгъазэм и 1-м. Цlыху 500-м я lэгуауэмрэ щытхъумрэ къалъысащ къэфакlуэхэм а пщыхьэщхьэм. Къыхэзгъэщынщи, гъуазджэм дихьэхыу ди пшыхьым къекlуэлlам я нэхъыбэр американхэмрэ европейхэмрэт. «Кабардинка»-м зыкъыщигъэлъэгъуащ Триполи километр 60-кlэ пэжыжьэу, губгъуэ нэщl хуабэвэхым къалэ щызыухуэ болгархэмрэ хьэрыпхэмрэ папщlэ. «Кабардинка»-м и иужьрей концертыр Триполи щигъэлъэгъуэжащ.

Лъэныкъуэкlэ укъеплъмэ, гупым къикlуа гъуэгуанэм иджыри зэ къытригъэзэжыфыну къыпщыхъурт, къэфакlуэхэри музыкантхэри жанти. Итlанэми, махуэ 55-кlэ къалэ 29-м концерт 52-рэ щыптыныр лэжьыгъэшхуэтэкъэ?!

## Етхуанэ континентым

**<u>1968 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м «Кабардинка»-м и къэфакlуэхэр Шереметьево-2 аэропортым телъэтыкlри, мазитlкlэ Африкэ Ищхъэрэм зыкъыщигъэлъэгъуащ. Илъэсиплl дэкlри, а махуэ дыдэм техуэу, артистхэр Австралием лъэтащ.</u>**

1972 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м япэ лъэбакъуэхэр Австралием щытчащ. И япэ концертыр «Кабардинка»-м щитынур къалэ нэхъ инхэм ящыщ Тасманиерт (Лончестон). Уафэгум уиту укъыщеплъыхкlэ а хытlыгур псысэм ещхьу дахащэщ: щхъуантlагъэр куэду, псыежэххэр, бгыхэр, мэзхэр. А псор зэгъусэжу - жэнэтщ. Цlыху дызыlущlахэри зэпlэзэрыт защlэу, гудзакъэ яlэу къыщlэкlащ, гъуазджэми къызэрымыкlуэу хащlыкlырт. Ар ди дежкlэ мыхьэнэшхуэ зиlэт. Лончестоныр Австралием фlыуэ зызыужьа и къалэхэм ящыщщ, псом хуэмыдэу хьэрычэт lуэхумрэ сатумкlэ.

... Жэпуэгъуэм и 26-м сыхьэт 20.00-м: Лончестон и «Принцесс» театрым цlыхур щlэзу къекlуэлlащ. Концертым щlидзэн и пэ, утыкум къихьащ къалэм и lэтащхьэр, Австралием и премьер-министру щыта Гортон Джон, нэгъуэщlхэри. Иужьрейр кlыхьу къэпсэлъащ пшыхьым къекlуэлlахэм артист телъыджэхэр зэралъагъунур къыхигъэщу, къэфакlуэхэми ехъулlэныгъэ яlэну ехъуэхъуу. «Фэ нобэ флъагъунущ къафэ куэд, дахагъэм и щапхъэу. Сэ си дежкlэ пщlэшхуэщ Австралием къытхуеблэгъа «Кабардинка» ансамбль цlэрыlуэм и пшыхьыр къызэlусхыну», - жиlащ абы... Цlыхухэр щымщ. Ансамблым и оркестрым макъамэр ирешажьэ. Фащэ гъэщlэгъуэнхэр зыщыгъ хъыджэбзхэр псым есу фlэкlа умыщlэну утыкум къихьащ. Къыкъуэкlащ щlалэ къуданхэри. Теплъэгъуэм пэшым щlэсхэр зэщlиlэтащ, lэгуауэшхуэхэр артистхэм хуаlэту. «Ислъэмей» «lэхъуэ къафэ», «Гандаган», «Лlыжьхэр», «Кабардинка» къафэхэр цlыхухэм ягу зэрыдыхьар нэрылъагъут, дэтхэнэми тхуэрытхуэ къытрырагъэгъэзэжырт. Концерт нэужьым къалэ музейм и лэжьакlуэхэм «Lion» клубым драгъэблэгъащ. Артистхэр ешами, бысымхэр ягъэщlэхъуакъым. Абдеж къыщытlущlэжащ Австралием и экс-премьер Гортони. Абы жиlат Совет Союзыр зригъэлъагъуныр зэрихъуэпсапlэр...

Лончестон ансамблым концерти 10 щигъэлъэгъуэнут, абыхэм я билетхэр куэд щlауэ зэбграхат. Къыкlэлъыкlуэу къытпэплъэрт Хобарт, иужькlэ Сингапур, Филиппинхэр. Гъатхэми ди гукъыдэжыр нэхъри къиlэтырт... Гукъинэ тщыхъуахэм ящыщщ «Пщы Соломон и бгъуэнщlагъым» дызэрыщыlар. Езы щlыуэпсым и «музейр» «уардэунэ» зэмыщхьурэ зыбжанэ мэхъу. Бгъуэнщlагъ кlуэцlым и щхьэм зыщlагъэкъуауэ щытщ тхыпхъэ хьэлэмэтхэр къызыхэlущlыкlа колоннэхэр (языхэзым и ныбжьыр илъэс мин 42-м хуагъэкlуащ щlэныгъэлlхэм). Ди гъуэгугъэлъагъуэм къыджиlэж хъыбархэм дедаlуэу, набдзэгубдзаплъэу зыщытплъыхьу куэдрэ дыщlэтащ щlы щlагъым...

... Концерт нэужьым, Тасманием Гъуазджэхэмкlэ и цlыхубэ зэгухьэныгъэм зэхуэс хьэлэмэт тхузэхишащ. lуэхущlапlэм и секретарь Керслейк Мойджер гуапэу къытlущlащ. «Кабардинка»-м и lэзагъыр хуэмыухыу тепсэлъыхьырт ар. Цlыхушхуэ куэдым (30-40 хъун зы гупыфlым) дыlуигъэщlащ абы а пщыхьэщхьэм. Яхэтт абыхэм драмэмрэ балетымкlэ артистхэри, гъуазджэм и лэжьакlуэ нэгъуэщlхэри. Арщхьэкlэ, бзэхэр фlыуэ зэрыдмыщlэм лъэпощхьэпо мымащlэ дыlуигъэуащ. Бзаджагъэм хуекlуат хьэмэрэ нэгъуэщlт, зыгуэр къызэупщlащ: «Сыт инджылызыбзэ щlумыщlэр?» - жиlэри. Сэри зызгъэмахэнт: «Уэ щхьэ умыщlэрэ урысыбзэр?» - стыжащ жэуапу. Си псэлъэгъур къикlуэтыну цlыхутэкъым. «Ар пэжщ, - жиlащ абы. - Ауэ инджылызыбзэр - ар Шекспир и бзэщ!». Уэ упагэмэ, сэ сыерыщкъэ, жыхуиlэраши, си псалъэм пызощэ: «Шекспир и lэдакъэщlэкlхэр уахътыншэщ. Арщхьэкlэ урысыбзэри къулейсызкъым. Ар Пушкин, Толстой сымэ я бзэщ!». Ауэрэ зызоплъыхьри, Аронов Евгений нэмыцэбзэ зыщlэ къилъыхъуэу къысlэщlолъагъуэ. Хамэ къэрал хъыджэбз гупым къаухъуреихьа Соттаев Къанщауэрэ Кlэш Федяри зэдзэкlакlуэхэм дакъикъэ къэс зыхуагъэзэн хуей мэхъу. Зыми и дэlэпыкъуэгъу мылъыхъуэу, Шэбзэджэрий Рае, Токъу Тося, Жабоевэ Ленэ сымэ lэкlуэлъакlуэу бысымхэм епсэлъылlащ. Зэхуэс хьэлэмэт хъуат...

Хобарт и «Сити Холл»-м зыкъыщыщыдгъэлъэгъуар концерт программэхэм ятещlыхьауэ ямыухуами (утыкур цlыкlут, зыщыбгъэхьэзырын иlэтэкъым), ди артистхэм яхузэфlэкl къагъэнакъым. Концертым и япэ lыхьэр иухауэ, штатым и губернатор Бастиан Эрик зыкъысхуигъэзащ. «Фи фlэщ фщlы, сэ мащlэкъым мы гъащlэм гъэщlэгъуэну щыслъэгъуар, ауэ а псоми йофlэкl нобэ «Кабардинка»-м дигъэлъэгъуа гъуазджэр», - жиlащ. «lэхъуэ къафэр» - плlэ, «Къафэр» - тхуэ щрагъэгъэзэщlэжащ а пшыхьым ди артистхэм. lэгуауэм лъэгуауэри дыщlыгъужу хобартдэсхэм пщlэшхуэ ансамблым къыхуащlащ. Гулъытэншэ дищlакъым щlыпlэм къыщыдэкl «Меркурий» газетми. Абы тхыгъэ кlэщlхэри ансамблым и артистхэм я сурэтхэри щlэх-щlэхыурэ къытридзащ.

... Сингапурым щыlэ ди посольствэм и лlыкlуэ Безрукавников Борис зытегузэвыхьыр а къэралым «Кабардинка»-м и концертхэр зэрыщитыну щlыкlэм и закъуэтэкъым, атlэ артистхэм зэрызагъэпсэхунуми гулъытэшхуэ къыхуищlырт. Сингапурым журналистхэм я лъэlукlэ япэ махуэм пресс-конференцышхуэ зэхэтащ. Газетхэмрэ телевиденэмрэ я лэжьакlуэхэр зыщlэупщlэхэм хуэфэщэн жэуап ди щlалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ иратыфынтэкъэ?!

Езы Сингапурым хуэдэу, и Лъэпкъ театрри зыми ещхьтэкъым. Цlыху мини 3-м ятещlыхьа пэшым и ныкъуэм нэст щхьэ зытелъыр, адрейр уафэгум уиплъэу зэlухат. Концертым щlидзэным иджыри сыхьэт ныкъуэ иlэжу цlыхур уэру къекlуалlэу хуежьащ, щlэх дыдэуи театрым щlэз хъуащ. Пшыхьым къеблэгъат Безрукавниковыр, хьэрычэтыщlэ Мандыркин Ю. Г., Сингапурым зыхъумэжыныгъэмкlэ и министр Сви Го Кенг, коммуникацэмрэ связымкlэ министр Лин Ёнг Ньюк, Щэнхабзэмкlэ министерствэм и парламент секретарь Таддин Шарафудин бин, нэгъуэщlхэри. «Телъыджэщ!», - жаlэрт абыхэм. Плъыфэбзэу зэщlэлыдэ Сингапур къалэри «Кабардинка»-м къихьэхуат.

1972 гъэм щэкlуэгъуэм и 17-м дынэсащ Филиппинхэм я къалэ нэхъыщхьэ дыдэ Манилэ. Сыт щыгъуи хуэдэу дахэу «Кабардинка»-м абы концертищ щитащ. Сыт хуэдиз къару халъхьат Филиппин Республикэм Щэнхабзэмкlэ и центрым артистхэм зыкъыщыщагъэлъэгъуа пщыхьэщхьищым. Итlани, ахэр жыджэрт, жант, нэжэгужэт...

## Адрей щlы кlапэмкlэ

**<u>1974 гъэм Москва телеграммэ къикlащ «Кабардинка»-р Латин Америкэм мазищкlэ зыкъыщигъэлъэгъуэну зэрырагъэблагъэр иту. Дызыпэплъа хъыбарти, еш зымыщlэ къэфакlуэ гупыр, сэри сахэту, гъуэгу техьащ.</u>**

БУЭНОС-Айрес деж къыщытпежьащ Совет Союзым и Посольствэм и лэжьакlуитl, ди импресарио Тайзлинэ Тамарэ, Италием щыщ щlалэхэу Кассио Клаудиорэ Джанини Рудольфорэ, «Колисео» итальян театрым и администрацэм и лlыкlуэ Родино Патричио Хорхе. Къалэм и Корриентес уэрамым тет «Колумбио Паласио» хьэщlэщым дыщlагъэтlысхьащ. Мыгувэу, Аронов Евгенийрэ Ахмедов Михаилрэ си гъусэу, СССР-м и Посольствэм дыкlуащ, ди лlыкlуэу абы щыlэ Дюкарев Семён дыlущlэну. Ар дэ ди хэкуэгъуу къыщlэкlащ. И анэмрэ и къуэшымрэ Налшык щыпсэуат, и lыхьлыхэр - Май къалэм. Езы дипломатыр зэман хъарзынэкlэ СССР-м и МИД-м щылэжьат, иджы абы ди къэралым и lуэхухэр Аргентинэ къэрал жыжьэм щыпхигъэкlыу щыlэт... Къапщтэмэ, Аргентинэм щыпсэум и нэхъыбэр зэман зэхуэмыдэхэм Европэм икlа цlыхухэрщ. Испан, франджы, урыс, нэмыцэ, инджылыз, итальян, украин - сыт хуэдэ лъэпкъым щыщи мы къэралым ущыхуэзэнущ.

...Хъыбар мыщlагъуэ къытlэрыхьащ: кхъухьлъатэ щхьэхуэкlэ ансамблым и фащэхэр къалэм къагъэсын хуеями, ямыгъуэтыжу бзэхащ. Тайзлинэ Тамарэ апхуэдэ ныкъусаныгъэ lуэхум къызэрыхэкlамкlэ псори игъэкъуаншэрт, нэхъыбэу СССР-м и «Къэрал концертыр». Къэхъуар гурыlуэгъуэтэкъым, Аргентинэм япэу щыттыну концертхэр гувэнкlэ шынагъуэ щыlэт. Арщхьэкlэ куэд дэмыкlыу зэхагъэкlащ къэхъуар: Канадэм и кхъухьлъатэ компанием ди багажыр Майами ишат. Тайзлинэ Тамарэ икlэщlыпlэкlэ Майами лъатэри, фащэхэр къытlэрыхьэжащ, гупым Латин Америкэм щитыну и япэ пшыхьми зыхуигъэхьэзыру хуежьащ... Концертыр сыхьэт 23.30-м щlидзэнут. Апхуэдэу гуваури?! - жыфlэнкlэ хъунщ. Кlасэlуэми, ар пэжт... Артистхэм ди жагъуэ хъуащ япэ концертыр ягъэlэпхъуэн хуей зэрыхъуар къыщыджаlэм. Къэралым и lэтащхьэм къыщхьэщыжу, цlыхубэм политикэ зэщlэхъееныгъэ къалащхьэм щригъэкlуэкlырт, пэкlум ипкъ иткlэ машинэ гъуэгухэри зэхуащlат, уэздыгъи блэртэкъым. Ди жагъуэ хъуащ аргуэру зы махуэ lуэхуншэу зэрытфlэкlуэдыр.

... Къэсащ куэдрэ дызыпэплъа дакъикъэхэр. «Кабардинка»-ри къызэрыкlат, цlыху щих зыщlэс пэшышхуэми lэгуауэшхуэр щаlэтырт. Шэч хэлътэкъым ансамблым мы къэралми ехъулlэныгъэ инхэр зэрыщиlэнум. «Колисео» театрым мэкъуауэгъуэм и 13-м щекlуэкlа пшыхьыр куэдым ягу къинэн хуэдэ хъуат. Театрым и унафэщlым зыкъытхуигъазэри жиlащ лъэпкъ хабзэр зи лъабжьэ гъуазджэм ар зэритхьэкъуар. Ар ди дежкlэ щытхъушхуэт. Абыкlэ арэзы хъуат Тайзлинэ Тамари. «Шэч къытесхьэртэкъым сэ къэфакlуэхэм я зэфlэкlыр зэрыиным», - жиlэрт абы.

Ансамблым Буэнос-Айрес щита адрей и концертхэри купщlафlэ хъуащ, жэщыкум щlадзэу мызэ-мытlэу абыхэм зыкъагъэлъэгъуами. Фи фlэщ хъурэ, а зэманым дежи театрхэм цlыхухэр щlэз хъурт...

***(Кlэухыр 13-нэ нап.).***









Iэсей Светланэ, Къарэжь Людмилэ, Мысачэ Валентинэ. *1980 гъэ*

# Адыгэ дунейм ухэзышэж

**Цlыху гъащlэм лъабжьэ хуохъу щысабийм и нэгу щlэкlамрэ зэхихамрэ. Ахэр дахэу, фlыуэ щытамэ, уи насып къикlащ... Къэфакlуэ Iэзэ, бзылъхугъэ щэныфlэ Мысачэ Валентинэ игу къызэригъэкlыжымкlэ, сабиигъуэ къулей дыдэ иlакъым, ауэ сыт хуэдэ мылъкуми ефlэкlын лъапlэнынгъэхэр илъэгъуащ. «Мыщэ и къуэ Батыр», «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ», «Дахэнагъуэ» спектаклхэр а зэманым Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым ущеплъыныр сыт и уасэт?!**

«ЗЫ СПЕКТАКЛЫМ тlэу тедгъазэрт. Япэщlыкlэ урысыбзэкlэ зэдзэкlауэ деплъырт, итlанэ адыгэбзэкlэ...», - жеlэ Валентинэ. Абы щхьэусыгъуэ иlэт: Валентинэ и анэр адыгэт, и адэр осетинт. Итlанэ, унагъуэр зыкъомрэ Прокопьевск къалэм (Кемеровскэ областым) щыпсэуати, цlыкlухэм адыгэбзэр ящlэртэкъым. 1957 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къэlэпхъуэжа нэужь, Валентинэ и анэр сабийхэм я адыгэбзэм елэжьу хуежьащ. Арат адыгэ театрыр кlуапlэ щlахуэхъуар. «Прокопьевск дыщыщыпсэуам, гъунэгъу адыгэхэр - Хьэтlохъущокъуэхэ, Джатэжьхэ ящыщхэр - диlат, адыгэ джэгухэри ящlу тлъэгъуат. Пшынауэр унэ дэкlуеипlэм къытетlысхьэнти, и макъамэр иришэжьэнт, нэхъыжьхэри Iэкlуэлъакlуэу къэфэнт. Иджы зэращlым хуэдэу, цlыкlухэр дыкъагъафэу щытакъым абы щыгъуэ, къэфэнкlэ щапхъэ зытепх хъунрат сыт щыгъуи утыкур зейр. Зэрысщlэжымкlэ, адыгэбзэри тэмэму къэдгъэсэбэпатэкъым. Къэбэрдейм дыкъэкlуэжа нэужь, дызыхуимыта-дызыхунэмысахэр зэдгъэгъуэтыжыным щlэх дыдэу иужь дихьат», - жеlэ Валентинэ.

Валентинэ Пионерхэм я унэм лъэпкъ къэфэкlэхэм зыщыхуигъасэрт. Театрымрэ къэфэнымрэ - мы тlур зыпищl щыlэтэкъым Валентинэ. Актрисэ Iэщlагъэм хуеджэну игу къэкlат, ауэ Ныр Азидэ (а зэманым республикэм гъэсакlуэ бэлыхьу иlащ) и гъэсэн Мысачэ Валентинэ «Кабардинка»-м хыхьа хъуати, абы и унафэщl Гальперин Григорий ар къиутlыпщыжакъым, езы хъыджэбзми нэхъыжьым и чэнджэщыр фlэкъабыл хъури, илъэс 20-кlэ ансамблым къыдэгъуэгурыкlуащ.

- Сыхущlегъуэжыркъым къэскlуа гъуэгуанэм зыкlи. Си гъащlэм и Iыхьэ нэхъыфl дыдэу къызолъытэ «Кабардинка» ансамблым сыщыхэтар, - жеlэ Мысачэм. - Гупым сыщыхыхьагъащlэм зи дахагъэкlэ, зи къэфэкlэкlэ сызытхьэкъуар Шэру Сонят, занщlэу ар щапхъэ схуэхъуат. Фащэ хужьыр къыщыпсу, езыр зэкlужрэ Iэдэбу... бзылъхугъэм и утыку итыкlэр сфlэтелъыджат. Сэтэней гуащэм ар зэрыпэсщlым нэхърэ Лашын дахэрауэ къыщlэкlынт ар нэхъ зэзгъэщхьыр. Нарт эпосыр щыздж зэманрат ари, а образыр гъэщlэгъуэн дыдэ сщыхъуат...

«Тхузэфlэкlар и фlыщlэщ Ульбашев Мутай. Гъэсакlуэ Iэзэт ар. Езыр ткlийми, къафэ хьэлэмэт куэд абы и фlыгъэкlэ утыку къитхьауэ щытащ. Сызыщыгуфlыкlыжхэм ящыщщ Атэлыкъ Дэлий, Нартокъуэ Мухьэмэт-Джэрий сымэ хуэдэ нэхъыжьыфlхэр къэсцlыхуну си насып къызэрихьар», - жеlэ Валентинэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Дамэншэу узыгъэлъэтэф

**Илъэс 16 хъууэ арат Iэсей Светланэ и гъащlэ гъуэгуанэр «Кабардинка»-м ирипхынрэ игъащlэкlэ и гугъэр абы хихыжыпэнрэ щызэхэкlым. Езы Светланэ игу къызэригъэкlыжымкlэ, ансамблым а зэманым и унафэщlу щыта Гальперин Григорийрэ гъэсакlуэ Ульбашев Мутайрэ куэдрэ зэхъурджэуэжат, зэчэнджэщыжат хъыджэбзыр гупым хагъэхьэнхамыгъэхьэным теухуауэ. «Сафlэцlыкlут, итlанэ адыгэ къафэхэр згъэзэщlэну сэ езыр сыщlэхъуэпсми, ахэр фlы дыдэу къызэхъулlэу пхужыlэнтэкъым, - къыхегъэщ Светланэ. - Узэгугъур къогугъуж, жаlэ. Къэфэкlэхэр псынщlэу къызэрыспхъуатэм, ерыщу сызэрызэлэжьыжым Гальперин Григорий гу лъитэри, тригъэчыныхьат гупым сыхагъэхьэным. Апхуэдэу 1965 гъэм ансамблым хэтхэм гъусэ сахуэхъури, илъэс тlощlкlэ сакъыдэгъуэгурыкlуащ».**

IЭСЕЙ Светланэ мэздэгу адыгэхэм ящыщщ, къыщалъхуар Ставрополь крайм и Курской районым хыхьэ Гъубжокъуэ жылагъуэрщ. Абы Мэздэгу къалэ и курыт еджапlэ №1-м классий къыщиухащ, иужьым Налшык къэкlуауэ культпросвет училищэм уэрэд жыlэнымкlэ и къудамэм щlэтlысхьэну щыжиlэм, я гъунэгъу цlыхубз Къуэдзокъуэ Людмилэ («Кабардинка»-м и къэфакlуэу щытащ) и чэнджэщкlэ «Кабардинка» ансамблым екlуэлlащ. Иджы бзылъхугъэм игу къегъэкlыж а лъэхъэнэм зыlущlа цlыху гуапэхэр. Щlэгъэкъуэныфl абы къыхуэхъуат Шэру Соня, Соттаев Къанщауэ, Къарэжь Людмилэ сымэ.

«Автобус къэувыlэпlэ сиlэтэкъым, уэрам жысlэтэкъым, дэнэ дежи «зы, тlу, щы»-р къэзбжу си лъэбакъуэхэр абы зэрытезгъэхуэным иужь сыщитт», - жеlэ Светланэ. Щlэх дыдэу хъыджэбзыр къэфэнми ансамблми хэзэгъащ, псом нэхърэ нэхъыфlу абы къехъулlэрт гушыlэ къафэ теплъэгъуэхэр... 1968 гъэхэм ар япэу хамэ къэрал кlуащ. Къэрал концертым хэту Светланэ, Дзыхьмыщl Къэралбий, Къуэдз Iэбубэчыр (пшынауэр) Африкэм щыlащ. Цlыху фlыцlэ гупым яхыхьа пщащэ зэкlужым и дахагъым псори итхьэкъуат, «Гуащэ» цlэри хуэфащэу къыфlащат абы щыгъуэ.

Латин Америкэм, Иорданием, Сирием, Тыркум, нэгъуэщl щlыналъэ куэдми зэрыщыlам и гугъу щищlкlэ, къыхегъэщ: «Тхылъышхуэкlи къыпхуэмыlуэтэнщ дэ а зэманхэм тлъэгъуамрэ псэкlэ зыхэтщlамрэ. Дыздэкlуэ къэралхэм щыпсэухэм я къэфэкlэхэм зедгъасэрт, дэри ди щэнхабзэр абыхэм къахузэlутхырт. Зэман дахэт!».

Пенсэм кlуа нэужь, Iэсейр лэжьащ Бекъул Леонид къызэригъэпэщауэ щыта «Бжьамий» ансамблым и гъэсакlуэу. Абы къыхуагъэфэщащ «КъБР-м щlыхь зиlэ и артист» цlэ лъапlэр. Анэм къуитыр Iэфlщ, жыхуаlэрщи, Светланэ и пхъуитlри къафэ гъуазджэм епха хъуащ. Альбинэ хореографие училищэр къиухри, зы илъэскlэ «Ислъэмей» ансамблым хэтащ, «Кабардинка»-ми Думэныщ Iэулэдин щытета зэманхэм къыщыфащ. Оксанэ (Куэшмэнхэ я нысэщ) «КъБР-м и цlыхубэ артисткэ» цlэ лъапlэр къыфlащащ, ар ноби «Кабардинка» къэфакlуэ гупым хэтщ.

«Кабардинка»-м зэманкlи гъуэгуанэкlи куэд къызэпичащ, зихъуэжащ, зиужьащ. Адыгэ хабзэм нэхъ тегъэщlауэ и къафэхэр зэригъэувым ущымыгуфlыкlынкlэ Iэмал иlэкъым, - жеlэ Светланэ. - Дыкъыщымыфэжми, ар щытлъагъукlэ ди псэр лъэтэным хуэдэщ, ди гурыщlэхэр къоукъубей. Си гуапэщ и уардагъэр ихъумэу ар илъэс минхэм дэбэкъуэну».

**ТЭРЧОКЪУЭ Дисанэ.**

# ГъащIэмрэ IэщIагъэмрэ щызэтехуэкIэ

**Къуажэ клубыр уи гъунэгъумэ, абы лъэпкъ къэфэкlэхэм щыхуагъасэмэ, ар насыптэкъэ! Дей жылэм щыщ Мэрыш Заур и Iэщlагъэр абдеж къыщежьащ. Уцlыкlуху зыхэплъхьэр иужькlэ къызэрыпщхьэпэжыр цlыхум зэрызиужьым и нэщэнэу къыщlэкlынщ. Курыт школым щыщеджэми, Заур художественнэ самодеятельностым хэтащ, районхэм щрагъэкlуэкl зэпеуэ зэхуэмыдэхэм жыджэру зыкъыщигъэлъагъуэу. 1962 гъэм ар «Терчанка»-м къыщыфащ, 1963 гъэм КъБР-м Уэрэдымрэ къафэмкlэ и ансамблым хыхьащ.**

«ГАЛЬПЕРИНЫР классикэмкlэ лъэщт, Ульбашев Мутай къафэхэмкlэ хуэмыхутэкъым. А тlур зэдэlэпыкъуурэ, дэри ди гуащlэ демыблэжурэ дыкъыдэкlуэтеящ, зыдужьащ», - игу къегъэкlыж Заур.

1968 гъэм Мэрыш Заур армэм ираджэри, илъэситlкlэ Мейкъуапэ къулыкъу щищlащ, итlанэ пищэжащ и лэжьыгъэм. Цlыху къэс езым хуэкlуэ лэжьыгъэ зэриlэжым ещхьу, Заур нэхъыбэрэ игъэзащlэу щытащ хьэгъуэлlыгъуэ хабзэхэр къызыхэщ къафэхэр. Апхуэдэу гукъинэжт балетмейстер Смелянскэм игъэувауэ Къарэжь Людэрэ Мэрышымрэ зэдагъэзащlэу щыта «Охотники и птицы» къафэри.

Мэрышым идэркъым езым и закъуэ ущытхъуныр. «Ар псоми ди зэхуэдэ ехъулlэныгъэщ», - жеlэ.

Апхуэдэ лэжьыгъэ уиlауэ lуэхуншэу утlысыжыфынт?! Ар къызыгурыlуэ Заур сабийхэр гъэсэным зритащ. 1986 гъэ лъандэрэ ар щолажьэ Щlалэгъуалэр щагъасэ центрым (Налшык къалэ). А lуэхуми ар фlыуэ зэрыхэзэгъар къегъэлъагъуэ абы и гъэсэн цlыкlухэр сэлам гуапэкlэ, Iэплlэкlэ къызэрыпежьэм...

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**



Къарэжь Людмилэрэ Мэрыш Зауррэ.

# Лъабжьэ быдэ


Битокъу Беслъэн

## Псыпэр къыщежьэр

- Дэ адыгэ унагъуэ дыкъыщалъхуащ, къуажэкIэ Урыху (Къуэгъулъкъуей) дыщыщщ. ДызэрыцIыкIурэ дощIэж ди анэшхуэ Битокъу Зулихъан пшынэ тхуеуэу, и макъамэхэмкIэ дыкъигъафэу зэрыщытар. Зы щхьэусыгъуэ гуэри къэтлъыхъуэртэкъым, ауэ сытми дыувырти - нэхущрами дыщыгъуэлъыжрами - дыкъафэрт. Налшык дыдэса щхьэкIэ, гъэмахуэ мазищыр, щIымахуэ зыгъэпсэхугъуэхэр къуажэм щыдгъэкIуащ, пшынэ макъым дыщIапIыкIауэ жыпIэ хъунущ, - жеIэ Битокъу Беслъэн. - А зэманхэм адыгэ джэгухэр къуажэхэм нэхъ щащIу щытащ. Удж зэхашэу сэ срихьэлIакъым, ауэ нэхъыжьхэр зэхуэсрэ дахэу утыку къихьэу, къафэу, нэхъыщIэхэм щапхъэ дагъэлъагъуу зэрыщытар сощIэж.

Ди гъунэгъу Битокъу Жантемыр тхьэмыщкIэм жиIэжу щытащ: «Жэщыр хэкIуэтауэ хьэблэм сыщыдыхьэжкIэ, Зулихъан и щхьэгъубжэр нэхут, пшынэ макъ къыщIэIукIырт. ЦIыхубзым пшынэр игъэбзэрабзэу, Беслъэн цIыкIур а макъамэм къыдэфэу утыку итт». Дауи, сэ ахэр сщIэжыркъым, зэрыжаIэжымкIэ, зекIуэн щIэздза къудейуэ арат абы щыгъуэм.

1974 гъэм Налшык къэIэпхъуащ Битокъухэ я унагъуэр. Сабий садым, иужькIэ курыт школым кIуэуэ щIадзащ щIэблэм. Зэкъуэшищыр - Аслъэнбэч, Беслъэн, Анзор - зэгъусэу фIэкIа адэм зыщIыпIи иутIыпщыртэкъым. Аслъэнбэч, къэфэкIэм зыхуигъэсэну мурад щищIым, абы гуэгъу хуащIащ и къуэшхэри. Пионерхэм я унэм екIуалIэурэ абыхэм япэщIыкIэ накъырэ епщэным зыхуагъэсащ. ЩIалэхэм къэфэнымкIэ яIэ зэфIэкIым гу къылъитащ а зэманым гъэсакIуэу а Iуэхущ IапIэм щылэжьа Ныр Азидэ. «Сэ занщIэу сыхыхьакъым. Аслъэнбэчрэ Анзоррэ зэгъусэу кIуэрт, сэ спортым нэхъ сыдихьэхат. Си къуэшхэр къэкIуэжамэ, гъуджэм деж кIэрыувэрти кърагъэщIахэр зыр-зым ирагъэлъагъужу зыкъомрэ щытхэт. КъысфIэмыIуэхущэми, сэ абыхэм сакIэлъыплъырт. НэхъыщIэр школым шэджагъуакIуэ щыхъум, сэ си пщэ къыдалъхьащ къафэ дерсхэм Аслъэнбэч и гъусэу сыкIуэну. Абы щыгъуэми занщIэу къэфакIуэхэм сахыхьакъым. Зы махуэ гуэрым гупым щIалэ мащIэт къекIуэлIари, пэшым щIэс сэ утыку срагъэхьащ. Зызмыгъэхуэмыхуу ягъэлъагъуэр ядэсщIащ», - жеIэ Беслъэн.

ЦIыкIухэм къадэлажьэ цIыхубзым Беслъэн псори щIэх къызэрипхъуатэр щилъагъум, унафэ къыхуищIащ къэфакIуэхэм къахыхьэну... Осетие Ищхъэрэ-Аланием къафэмкIэ Кавказпсо фестиваль щекIуэкIырти, Беслъэнрэ Аслъэнбэчрэ зыхэт гупым я зэфIэкI абы щагъэлъэгъуэну кIуащ. «Уджхэшыр», «Уэркъ къафэр» зыгъэлъэгъуахэм япэ увыпIэр къыхуагъэфэщауэ щытащ, а ехъулIэныгъэм дамэ къатригъакIэри, щIалэхэр нэхъ ерыщу къэфэным егугъу хъуащ.

Аслъэнбэчрэ Беслъэнрэ «Нальчанка» къэфакIуэ гупым хэту, япэщIыкIэ балетмейстер цIэрыIуэ Дашу Хьэшыр деж, иужькIэ Алэкъей Мухьэмэд деж зыщагъэсащ. Аслъэнбэч 8-нэ классым щIэсу арат къэфакIуэ гупым яхэту япэу хамэ къэрал щыздашам. Ар етIуанэ дамэт ныбжьыщIэхэм я дежкIэ.

- «Кабардинка»-р Латин Америкэм къыщикIыжам щыгъуэ Налшык щита концертыр сигу къокIыж. Музыкэ театрым щекIуэкIыну концертым и билетыр зэпэубыдат. Ди анэм гъэщIэгъуэну билетищ къыIэрыхьэри, и ныбжьэгъу цIыхубзрэ Аслъэнбэчрэ здишауэ щытащ. Сэ сщIэжыркъым сащIыхуэмыкIуар. Ауэ Аслъэнбэч абы щилъэгъуа дахагъэ къомым нэхъри и гур иIэтагъэнт, иужьым дэри а ансамбль гъуэзэджэм дыхыхьащ. Мэзло Едыдж, Аслъэнбэч, Iэщын Руслан, сэ Пионерхэм я унэм къыщыщIэддзэри, «Нальчанка»-м, иужьым «Кабардинка»-м дыщызэдэлэжьащ.

1986 гъэм ансамбль цIэрыIуэм хыхьа щIалэщIэхэм къэфакIуэ нэхъыжьыфIхэр къакъуэувэри, екIуу утыку зэритыным, Iэзэу къэфэным я къару емыблэжу хуагъэсащ. «Ди анэр псэуху щIэхъуэпсат къэфакIуэ нэс къытхэкIыным. «Кабардинка»-м фыхыхьауэ слъагъуныр си дежкIэ насыпщ», - жиIат абы. Гуп цIэрыIуэм дыхыхьэну дыщыкIуа зэманым ди анэр дунейм ехыжат, ауэ уэсяту къэтлъыта а псалъэхэр зэкъуэшхэм зыщыдгъэгъупщакъым, - жеIэ Битокъум.

Зы илъэс къыщцыфауэ, Аслъэнбэч армэм дашащ, къыкIэлъыкIуэ илъэсым дзэм къулыкъу щищIэну Беслъэн кIуащ. ЩIалэхэм къагъэзэжа иужь, «Кабардинка»-м хыхьэжащ. 1992 - 1993 гъэхэм концерт программэщIэ зэхагъэуват БжьыхьэлI Замир, Битокъу Аслъэнбэчрэ и щхьэгъусэ Заремэрэ, Битокъу Оксанэ, Щэбэтыкъуэ Тимур, Битокъу Беслъэн сымэ. «Мэздэгу адыгэхэм я къэфэкIэм къыщыщIэдзауэ абхъазхэм я деж щыщIэкIыжу, адыгэ лъэпкъыу хъуам я къэфэкIэм дэтхэнэми щхьэхуэу зыгуэр хэлъщ. Думэныщ Iэулэдин хущIэкъуащ ахэр утыку кърихьэну. «Уэркъ къафэр», «Мэздэгу адыгэхэм я къафэр» игъэуващ, «Къамэрыфэ» (сэпэхэтIэ) къафэри игъэхьэзыращ. Иужьрейр ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм и джэгукIэу, къэфэкIэу тхыдэм къыхощ, абы нэхъ лъапIэж Iуэхур ещI», - къыхегъэщ Беслъэн.

1991 гъэм «Кабардинка»-р, Битокъу зэкъуэшхэр хэту, Абхъаз Республикэм щыIащ, концерт гукъинэжхэр щиту. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ а щIыналъэмрэ я зэхущытыкIэхэр нэхъ зэгъунэгъу щыхъуар а илъэсымрэ (Дунейпсо адыгэ-абхъаз фестиваль Налшык щыщекIуэкIам щыгъуэ) абы къыкIэлъыкIуахэмрэт.

## Адыгэ къафэмрэ «Кабардинка»-мрэ

- «Кабардинка»-р зэ зылъэгъуам зэи щыгъупщэркъым. Ар апхуэдэу лъэщ зыщIыр ди адыгэ къафэхэращ. Лъэпкъ къафэм, адыгагъэр щIыгъужу, сыт хуэдэ утыкуи щыгъэлъагъуэ, пщIэ къыпэмыкIуэнкIэ Iэмал иIэкъым, - жеIэ Беслъэн. - Адыгэр дуней псом тегуэша щыхъум, хэт сулътIан хъуат, хэти пащтыхьыгъуэр къылъысат. А псор къызэрахьэхуар адыгагъэкIэрэ IущыгъэкIэрэт. Апхуэдэ дыдэу ди къафэхэм хэлъщ хабзэ, лIыгъэ, напэ, укIытэ, шыIэ. А къарур сэ сыщысабийми зыхэсщIэрт, арщхьэкIэ къафэм и мыхьэнэр иджыщ нэхъ кууэ къыщызгурыIуар. Ар инщ, лъагэщ, зыхэпщIэ закъуэмэ, абы хуэдэу уэри лъэщ ухъунущ. Хэт къарууфIэ хъуну хуэмейр?! Дамэ къытекIэу хэт лъэтэну щIэмыхъуэпсыр?! Адыгэ къафэм ущеплъкIэ уеIэт, «Кабардинка»-ращи, езым пщIэ зыхууегъэщI.

Куэдым къагурыIуэркъым къафэхэм я мыхьэнэр. Абыхэм щхьэкIэ зы щапхъэ къэсхьынщ: Пётр Езанэр Голландием щыкIуам здиша гъэщIэгъуэнхэм ящыщт Бекович-Черкасский Александр и унафэ щIэт адыгэ шуудзэр. Сытыт ар щIыздишар?! ЗэрыжысIащи, гъэщIэгъуэнти. Амстердам и утыку нэхъыщхьэ дыдэм адыгэ шуудзэм джэгу щищIат... Адыгэ джэгум пщIэ-нэмысу хэлъыр зыгъэIэрыхуэфым езыми пщIэ егъуэт.

Джэгум и щытыкIэущ «Кабардинка»-р утыку къызэрихьэу щытар. Лъэныкъуэ зырызкIэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ къыщытрэ зырызыххэу къихьэурэ къызэдэфэу, абыхэм яку хорыр дэтт, пшынауэ-бэрэбэнауэхэр плIанэпэмкIэ къыщыст. ИужькIэ къэфэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэри къыхыхьащ, гуп-гупури къызэдэфэ хъуащ, зэманым елъытауэ зиужьащ. Лъэпкъым и гупсысэрщ, Iуэры-Iуатэрщ, зэхэтыкIэрщ нобэ тлъагъу «Кабардинка»-ми нэхъапэIуэкIэ щыIами лъабжьэ яхуэхъуар. Ар адыгагъэмрэ дахагъэмрэ я щапхъэу утыку къохьэ.

«Кабардинка»-м академическэ цIэ лъапIэр къыщратам, Нартсанэ (Кисловодск) концерт гукъинэж ансамблым щигъэлъэгъуауэ щытащ. Абы къриxьэлIат Урысейм, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ я министрхэри, нэгъуэщI лIыщхьэхэри. Гупыр «КъафэмкIэ» утыку къыщихьэм, Осетие Ищхъэрэ-Аланием щэнхабзэмкIэ и министр, актёр цIэрыIуэ Ватаев Бимболэт къэтэджри, Iэгу яхуеуэу къэфакIуэхэр икIыжыхункIэ щытат. Ар зылъэгъуа адрейхэри къэтэджащ, пщIэ езыми зыхуащIыжу, къэфакIуэ гупри ягъэлъапIэу.

ЖыпIэ хъунущ ансамблыр дунейм и кIапэ псоми лъэIэсауэ, абы и къафэхэмрэ макъамэхэмрэ щIыпIэ пхыдза куэдым щалъэгъуащ, щызэхахащ. КъэфакIуэ гупыр къызэрыунэхурэ илъэс 60 щрикъуам щыгъуэ зыгуэр Егъэн Ибрэхьим еупщIауэ щытащ: «Сытым пэплъыт хъун «Кабардинка»-р?». Жэуапрат: «Ар зыпэплъыт хъуну сэ сщIэр Iуащхьэмахуэ и лъагагъырщ». И щхьэкIэ къызэрыщыхэзгъэщащи, апхуэдэ лъытэныгъэ ансамблым къыщIихьар зи фIыгъэр абы хэта къэфакIуэхэм я закъуэкъым, атIэ ахэр апхуэдэу Iэзэу, лъэпкъ щэнхабзэр фIыуэ ялъагъуу зыгъэса я адэ-анэхэрщ, дадэ-нанэхэрщ, егъэджакIуэхэрщ. «Кабардинка»-м утыку кърихьэращ ди щIалэгъуалэр зыдэплъеинури, фIы и лъэныкъуэкIэ дыщогугъ абы.

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм иIащ джэгуакIуэхэр, къэфакIуэхэр, кIапсэрыкIуэхэр, шыкIэпшынауэхэр, гушыIэ къэзыIуатэхэр. Агънокъуэ Лашэ и гупыр сыт и уасэт?! Абы хуэдэу ШэрджэсымкIэ щыпсэуащ Мыжей Сэхьид. «Кабардинка»-р зыухуахэм ящыщу зи цIэ ящыгъупщар ГъукIасэ Жантыгъуэнщ. Апхуэдэ пашэхэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

«Кабардинка»-м къикIуар ди тхыдэм и зы Iыхьэ дахэщи, хъунут абы Лъэпкъ музейми плIанэпэ щиIэ.


«Кабардинка»-м и хьэщIэщ Сирием къикIа адыгэхэр. *1981 гъэ*

(*КIэухыр 14-нэ нап.*).

# ФIыщIэ зыхуэфащэ зэадэзэкъуэ

**Къуажэкlэ Тыжьей (иджы Кыщпэк) щыщ, Балъкъэрхэ зэкъуэшитхум я нэхъыжь СэфрэIил япэ дыдэу утыкушхуэ щихьар «Лалуцэ» лъэпкъ балетым хэтущ.**

ЛЪЭПКЪ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ дахьэха щIалэр Налшык дэт культпросветучилищэм зы илъэскIэ щеджауэ, япэ лъэпкъ балетым хэтыну и пщэ къыдэхуат. Жэщ-махуэ имыIэу, адрейхэм закъыкIэримыгъэхуу Балъкъэрым зигъэсащ. А лэжьыгъэр зыхуэдам и щыхьэтщ «Лалуцэр» ягъэлъагъуэу 1964 гъэм трахауэ щыта фильмыр. Зи инагъкIэ укъэзыгъэуIэбжь, уеблэмэ ар хьэлъэуи шэч уэзыгъэщI бэрэбан иныфIыр Iэтауэ Балъкъэрым утыку кърехьэ, умыгъэщIэгъуэн плъэмыкIыу абы лъапэкIэ тету къыщофэ...

Куэд дэмыкIыу, Къэбэрдей-Балъкъэрым Уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблыр Сыбырым зыкъыщигъэлъэгъуауэ къокIуэж. СэфрэIил къыдеджэ зы щIалэ абы хэтти, къелъэIуащ гупым хагъэхьэнухэм зыхигъэхуэну. Арати, къэфэным зи гур ета хъуа ныбжьыщIэм (илъэс 16 ирикъуа къудейт) и насып кърихьэкIри, 1965 гъэм и мэлыжьыхьым ансамблым хыхьащ. Абы щыгъуэм къэфакIуэ гупым хорри щIыгъути, уэрэд жыIэнымкIи щапхъэ хуэхъун защIэт Балкъэрым къицIыхуахэр: Жылокъуэ Мухьэмэдин, Шыкъ Мышэ, Уэтэр Анатолэ, КIуж Борис сымэ, нэгъуэщIхэри.

«Мыр пэжу пIэрэ?» - жысIэрт. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, сэркIэ пщIэшхуэт апхуэдэ ансамбль цIэрыIуэм си зэфIэкIым щыхэзгъэхъуэныр», - игу къегъэкIыж СэфрэIил.

1967 гъэм щIалэр дзэм ираджэри, 1969 гъэращ ар «етIуанэ унэу» ибж ансамблым къыщыхыхьэжар. КъэфакIуэм «Кабардинка»-м хэту 1972 гъэм зыкъыщигъэлъэгъуащ Австралием, Сингапурым, Филиппинхэм. Абыхэм къакIэлъыкIуащ Латин Америкэр, Чехословакиер, Германиер, Польшэр, Иорданиер.

- Куэд тлъэгъуащ, зэхэтхащ, къэтщIащ а зэманым, ауэ псом я нэхъыщхьэр дэ зэи зыщыдгъэгъупщакъым - дыкъызыхэкIа лъэпкъымрэ Хэкумрэ яхудиIэн хуей лъагъуныгъэр. Дрипагэрт ди щэнхабзэ къулейр дуней псом щалъагъуным ди къару, зэфIэкI зэрыхэлъым, - къыхегъэщ ди нэхъыжьыфIым. - Къыздэлэжьахэм фIы дыдэу ящIэж: дэ къытхуихуащ мафIэгу щIыIэм дису нэгъуэщI къэралхэм дыкIуэну, сытхъухэр ди пащIэкIэхэми нэбжьыцхэми пищIауэ пщэдджыжьым дыкъэушу. ЩIакIуэхэм дыкIуэцIыст, вагонхэр щызэрахъуэкIкIэ, сыхьэт бжыгъэкIэ дыщыпэплъэ къэхъурт... Гугъуехьхэр зырикIт, дыщIалэт, ди псэр къафэм хэлът».

... Илъэс тIощIкIэ и теплъэ зэкIуэжрэ Iэзагъэкlэ игъэбжьыфIа ансамблым 1985 гъэм къыхэкIыжри, пенсэм кIуащ СэфрэIил. Ар шофёру, жыггъэкIыу лэжьащ, ауэ илъэс 26-рэ дэкIыжауэ СэфрэIил къафэм зритыжащ. Иджы абы ныбжьыщIэхэр къэфэным щыхуегъасэ Налшык дэт прогимназие №75-м.

И IэщIагъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, Балъкъэрыр IэпщIэлъапщIэ ахъырзэмануи къыщIокI. Къыщалъхуа къуажэм щиIэ и щIапIэм абы жыг щыхесэ, хуэIэзэщ жыг дэдзэным.

Адэ-анэр фIымэ, абыхэм я гулъытэ быныр щымыщIэмэ, цIыху нэс хъур нэхъыбэщ. Балъкъэрхэ СэфрэIилрэ Светланэрэ (Къэжэрхэ япхъущ) я бынхэр узэрыгушхуэнщ. Къазбэчи Лаури дызэрыгушхуэ «Кабардинка» цIэрыIуэм къыщыфэу зы зэман хэ-



Балъкъэр Къазбэч

тащ. Къазбэч ди лъэпкъ къафэхэм зезыгъэужь, сыт щыгъуи щIэ гуэр абы хэзылъхьэ къэфакIуэ емызэшыжщ, гъэсакIуэщ. Къазбэч и Iэзагъэр си щхьэкIэ згъэунэхуащ абы къызэригъэпэща «ХАТТИ» ансамблым къэфэкIэ зэзгъэщIэну сыщыкIуа мазэхэм. СэфрэIили шыIэ зыдэслъэгъуа Къазбэчи фIыщIэ яхузощI ахэр лъэпкъ щэнхабзэм зэрыхуэлажьэм папщIэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



Дзыхьмыщl Зарэрэ КIэш Фёдоррэ. *1978 гъэ*

## Ди къэфакIуэхэр къазэрыщыхъуар журналистхэм я псалъэкIэ

**«Меркурий»** *(Лонсестон):*

*Тасманием (Австралием и штатщ - «АП») зэи имылъэгъуа концертщ «Кабардинка»-м утыку кърихьар. «ИслъэмейкIэ» къыщIэзыдза гупыр пшыхьыр екIуэкIыхункIэ цIыхухэр къызэрыдихьэхыным пылъащ. Концерт пэшым къекIуэлIахэми зыгъэпсэхупIэ яIакъым: гъуазджэ къызэрымыкIуэм дихьэхахэр я пIэ изагъэртэкъым, пIейтейрт, Iэгуауэшхуэхэр яIэтырт. Гукъинэ абыхэм ящыхъуахэм ящыщщ гушыIэ къафэхэр... «Кабардинка»-м лъэпкъ къэфэкIэ къигъэлъагъуэм и куугъыр къэплъытэмэ, ар балетым хуэкIуэу къыщIэкIынущ...*

# ЩIэ лъапIэхэр зыфIащахэр

**Ало Арсен** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист*
**Ало Жаннэ** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ*
**Ало Руслан** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист*
**Алэкъей Мухьэмэд** - *РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и цIыхубэ артист*
**Архэст Иринэ** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ*
**Атэбий Игорь** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Шэшэным, Ингушым гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ*
**Атэбий ФатIимэ** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ*
**Атэлыкъ Аслъэнджэрий** - *КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артист.*
**Ашуров Падацур** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист*
**Бацэхэ Анжеликэрэ Аскэрбийрэ** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэщ*
**Битокъу Аслъэнбэч** - *КъБР-м и цIыхубэ артист*
**Битокъу Беслъэн** - *УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*
**Битокъу Оксанэ** - *КъБР-м, Ингуш Республикэм щIыхь зиIэ я артисткэ*
**Гъэсашэ Наталье** - *РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ*
**Дашу Хьэшыр** - *РСФСР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист*
**ДзыхьмыщIхэ Къэралбийрэ Зарэрэ** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэщ*
**Думэныщ Iэулэдин** - *КъБР-м и цIыхубэ артист*
**ДыщэкI ФатIимэ** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ*
**КIуж Владимир** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист*
**Куэтэншы Руслан** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист*
**Куэшмэн Олеся** - *КъБР-м и цIыхубэ артисткэ*
**Къарэжь Людмилэ** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ*
**Къашыргъэ Билал** - *РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист*
**Къашыргъэ КIурацэ** - *РСФСР-м, КъБАССР-м я цIыхубэ артисткэ*
**Къуэныкъуейхэ Алимрэ Иринэрэ** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэщ*
**Мысачэ Валентинэ** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ*
**Нартокъуэ Мухьэмэт-Джэрий** - *РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист*
**Соттаев Къанщауэ** - *КъБР-м и цIыхубэ артист*
**Увыж Мурат** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист*
**Ульбашев Мутай** - *УФ-м и цIыхубэ, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист*
**ХьэхъупащIэ Амырхъан** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист*
**Шортэн Аллэ** - *УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ*
**Шэрджэс Заремэ** - *КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ*
**Шэру Соня** - *РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ*

# Апхуэдэщ Хъыдзэдж Анатолэ

**Тэрч районым и Урожайнэ (Абей) къуажэм щыщ Хъыдзэдж Анатолэ и курыт еджапIэр къыщиухам и адэ-анэр щIэхъуэпсырт щIалэм щIэныгъэм зритыным. АрщхьэкIэ ныбжьыщIэм куэд щIауэ зызыхуигъасэ адыгэ къафэхэм и псэр ятхьэкъуат...**

АНАТОЛЭ Сабий творчествэмкIэ унэм (Налшык къалэ) къыщыфэрт, мызэ-мытIэуи гуп цIыкIум хэту Москва зыкъыщигъэлъэгъуат. ЩIалэм и хъуэпсапIэр зригъэхъулIэным зэрыхуэпабгъэр адэм къыщыгурыIуэм, Уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым къэфакIуэщIэхэр зэхьэзэхуэкIэ къызэрыхихыр и къуэм жриIащ. Анатолэ арат зыхуеиххэри, Iуэхум иужь ихьащ. Экзамен хуэдэу щым укIуэцIрыкIын хуейт укъащтэн папщIэ. Япэ махуэм Хъыдзэджыр кIуэри къэфащ, щытригъэзэну пIалъэр къыжраIэри къаутIыпщыжауэ, зы щIалэ къыкIэлъагъэжащ. Абы фIэкIа хэмылъуи, ансамблым къэфакIуэу ар къащтащ. «Абы фIэкIа хэмылъу» жытIэ щхьэкIэ, а псом я щIыбагъкIэ лэжьыгъэшхуэ къыдэлът. Арати, 1965 гъэм аргуэру зы къэфакIуэщIэ, иужькIэ ахъырзэману зыкъигъэлъэгъуауэ, ансамблым и гупым къыхэхъуащ.

ИлъэситIкIэ къэфакIуэхэм яхэтауэ, Анатолэ армэм ираджэри, илъэсищкIэ дзэм къулыкъу щищIащ. Къигъэзэжа нэужь, Хъыдзэджыр ансамблым и гъащIэм хыхьэжащ. 1972 гъэм - Австралиер, Сингапурыр, Филиппинхэр, Совет Союзым и щIыналъэ куэд къызэхакIухьащ абыхэм. «ДыщIалэт, ди къару илъыгъуэт, гугъуехьи зыхэдмыщIэу, тфIэгъэщIэгъуэну дэни дыкIуэрт, къэфэнкIи ди гуащIэ деблэжыртэкъым», - жеIэ абы.

1983 гъэм Бразилием мазитIкIэ щыIащ къэфакIуэ гупыр. Ансамблым и Iуэху дигъэкIыу, и концертхэр къызэригъэпэщу абыхэм къадэлэжьар Рио-де-Жанейрэ щыпсэу, лъэпкъкIэ куржы цIыхубз Тайзлинэ Тамарэщ.

- Ди анэм хуэдэу къытщхьэщытащ ар. Ди хабзэр, ди зыIыгъыкIэр игу зэрырихьыр къытригъазэурэ къыджиIэрт. Къыхигъэщырт нэхъапэIуэкIэ иригъэблэгъа куржы щIалэгъуалэр абы зэрыфIэпсынщIар, абыхэм яхуэмыдэу дэ гъэсэныгъэ къызэрыддилъагъур, - жеIэ Анатолэ. - А зэманхэм гупым и художественнэ унафэщIыр Ульбашев Мутайт, унафэщIыр Аронов Евгенийт. Ансамблыр зэрыIыгъыу, зы унагъуэ цIыкIу хуэдэу щытын папщIэ ахэр я гуащIэ еблэжакъым.

Санкт-Петербург (абы щыгъуэм Ленинградт) Невскэм и унэм зэгуэр концерт щыттауэ, утыкум драмыгъэкIыжу куэдрэ даIыгъат. ЦIыхухэм псом нэхърэ нэхъ яфIэщIэщыгъуат ди «Мэлыхъуэ къафэр». Италием къикIа зы гуп цIыкIу пшыхь нэужьым къытхэлъэдауэ къыдэхъуэхъурт. Ауэ аратэкъым гъэщIэгъуэныр, атIэ «сувенир!» жаIэу ди мэлыхъуэ башыр зэрырахьэжьарат. Къахуэдгъанэ хъуакъым, пщэдджыжьым концерт диIэт...

**ЩАД Къэрэшей.**

# Дахагъэм и щапхъэ

## Къуэныкъуейхэ Алимрэ Иринэрэ

**Къуэныкъуей Алим къафэм гу хуезыгъэщІар «Кабардинка» ансамблырщ. Телевизорымкlэ гупыр къафэу илъэгъуа иужьщ «сыкъэфэну сыхуейщ» жиlэу и адэ-анэм щажриlар. Абы щыгъуэм илъэсибл и ныбжьу арат. ЩІэщыгъуэщІ щІалэм япэщІыкlэ игугъащ къыхиха «ІэнатІэр» щІэх къыІэщІэужэгъуэну, арщхьэкlэ зыхыхьа «Къурш бынхэр» ансамблым (Тхьэмокъуэ Мартин, иужькlэ Кушмэзокъуэ РафэІил сымэ зи унафэщІу щытам) зыкъомрэ фІэхьэлэмэту къыщыфащ, зэман дэкІри, Атэбий Игорь къызэригъэпэщауэ щыта «Кавказ» гупым хыхьащ. КІэщІу жыпІэмэ, ІэщІыб хуэмыщІыжыну а ІэщІагъэм зыІэпишащ.**

1990 - 1995 гъэхэм Къуэныкъуейр щеджащ макъамэ училищэм и хореографие къудамэм. А еджапІэр къыщиуха илъэс дыдэм «Кавказ»-р муниципальнэ ансамбль ящІат. 1999 гъэм гупыр, Алими яхэту, «Кабардинка»-м хагъэхьэжащ.

Къуэныкъуейм щхьэгъусэ хуэхъунур абы «къыщыпэплъэу» къыщІэкІащ. Иринэ илъэсих хъуауэ ансамблым къыщыфэрт Алим абыхэм щахыхьам. ТІэкІу-тІэкІуурэ а тІур зэрыцІыхуащ, 2000 гъэм зэрышащ, щІалитІ яІэщ. Алим дыщыІущІам деупщІат я щІалэхэр къэфакІуэ ищІыну хуейрэ хуэмейрэ. «Сыхуейщ икІи сыхуейкъым, - жиІащ абы. - Апхуэдэу щІыжысІэм щхьэусыгъуэ иІэщ. Къафэм хэмытам, абы хэзымыщІыкІым ищІэркъым, уеблэмэ и нэгу къыхущІэгъэхьэркъым а лэжьыгъэм гугъуехьу пылъыр. Укъызэрыфэр, ансамблым узэрыхэтыр щажепІэкІэ, ар лэжьыгъэу къэзымылъыти щыІэщ. Апхуэдэхэм деж быдэу жызоІэ си бын а лъэныкъуэмкІэ сымыгъэплъэну. АтІэми, сыкъэфэну сыхуейщ, си гум фІэфІыр аращ жиІэмэ, пэзубыдыфынукъым».

Зэщхьэгъусэхэм зы Іуэху зэрызэдащІэр яфІэкъабылщ. Ежьэн, мазэ бжыгъэкІэ къэтын хуейуэ лэжьыгъэм къащыхуигъэувкІэ, унагъуэр зэгъусэмэ куэдкІэ нэхъ тыншщ. «Ди ІэщІагъэм гугъуехьу пылъыр тІуми къыдгуроІуэри, зэхудэчых, зэхэщІыкІ жыхуэтІэхэр ди унагъуэм щыяпэщ», - жеІэ Къуэныкъуейм.

Алим дызэреупщІахэм ящыщт, ансамблым езыр хэмытамэ, Иринэ а ІэщІагъэм ирилэжьэну хуидэнрэ хуимыдэнрэ. «Уи ІэщІагъэр хыфІэдзэ жысІэу зэрыпэзмыубыдынум шэч къытесхьэркъым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, уи псэм фІэфІ лэжьыгъэр ІэщІыб уагъэщІа нэужь, куэдкІэ нэхъыфІ ІэнатІэ упэрагъэувэми, ар уи гум къиштэнукъым, ахъшэ къыпэкІуэри пфІэІэфІынукъым. Абдежщ мыарэзыныгъэри, гукъеуэри, псалъэмакъри къыщежьэнур. ИтІанэ унагъуэ насыпми упыкІауэ аращ. Абы къыхэкІкІэ нэхъыфІщ дэтхэнэри и гум къыдыхьэ лэжьыгъэм пэрытмэ».

Зэщхьэгъусэхэм фІыгъуэу къалъытэ Урысейми хамэ къэралхэми къыщацІыху, фІыуэ къалъагъу «Кабардинка»-м я гъащІэр зэрырапхыфар.



Къуэныкъуейхэ я хьэщІэщ Къумахуэ Мухьэдин, Нэхущ Чэрим, Лосэн Тимур сымэ. *2008 гъэ*

**СОМГЪУР Синэмис.**

# Лъабжьэ быдэ

*(КІэухыр. ПэщІэдзэр 11-нэ нап.).*

*(КІэухыр. ПэщІэдзэр 11-нэ нап.).*

### ГъэсакІуэхэм папщІэ псалъэ

- Ныр Азидэ къэфэным и щэхухэм дыхигъэгъуэзат (Пионерхэм я унэм дыщекІуэлІам). КъэфакІуэ, гъэсакІуэ цІэрыІуэ Дашу Хьэшыр «Нальчанка»-м дыхэту илъэсищкІэ дызэригъэсами куэд къыхэтхащ. Гупым узэрыхэтыну щІыкІэр Хьэшыр къыдгуригъэІуащ. Гъуни нэзи иІэтэкъым абы бгъэдэлъ щІэныгъэм.

«Нальчанка»-м Алэкъей Мухьэмэд щыщылэжьами, ди зэфІэкІым абы хигъэхъуащ. И ныбжьыр илъэс 30 хъуауэ арат а цІыху телъыджэм УФ-м щІыхь зиІэ и артист цІэр къыщыхуагъэфэщам. 1986 гъэм Мухьэмэд дыхуигъэхьэзырауэ щытащ ЩІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалым. Алэкъейм ди къэфэкІэу щытын хуейр къыдгуригъаІуэ къудей мыхъуу, езым ар зэребгъэлъагъужыным хуэдэу къыббгъэдилъхьэрт. Езым и къэфэкІэу щытам лъэщІыхьэн нобэр къыздэсым ямылъэгъуауэ жаІэ. ТехникэкІи, зыІыгъыкІэкІи, хьэлкІи ар псоми къахэщырт.

Щыми - Азиди, Хьэшыри, Мухьэмэди - я гъэсэкІэкІэ, къэфэкІэкІэ Кавказым къащытекІуэн щыІа хъункъым, щхьэж и ныбжьым теухуауэ. Ахэр фІыуэ егугъуащ сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я гъэсэныгъэм.

«Кабардинка»-м Битокъу зэкъуэшхэр дыхыхьэн щхьэкІэ, зи гугъу сщІа цІыхухэр сэбэпышхуэ къытхуэхъуащ, сызэригугъэмкІэ, я гуащІэ емыблэжу абыхэм я зэфІэкІ къытхалъхьащ.

### Хамэ къэрал лэжьыгъэр

- Хэхэс адыгэхэм я дунейр зыхуэдэр щыслъэгъуар 1995 гъэм Иорданием лэжьыгъэ ІуэхукІэ сыщрагъэблэгъарщ, - пещэ Битокъум и псалъэм. - Иорданиер езыр къэрал зызыужьахэм ящыщщ, къулейщ, адыгэми абы зэфІэкІ щаІэщ. Яхэтщ, дауи, абыхэм нэхъ къулейсызхэри, зи анэдэлъхубзэр зыщІи, ар зыІэщІэхуаи. СфІэфІу, сфІэгъэщІэгъуэну си лъэпкъэгъухэм сахэтащ а лъэхъэнэм. Нэхъыбэу гулъытэ зыхуэсщІыр яхъума къафэхэрт, пшыналъэхэрт, хъыбархэрт. Сыхуэнэхъуеиншэу ахэр зэхуэсхьэсырт. Пасэрейм адыгэр зэрызэхэтам хуэдэу абыхэм я къафэхэр, джэгухэр къызэтрагъэнэфащ. Джэгум и мызакъуэу, щІалэгъуалэр хъуэрыбзэкІэ зэпсалъэу, зэдэгушыІэу... узэрыгушхуэн куэд ядэслъэгъуащ. АдыгэбзэкІэ мыпсэлъэф яхэтми, абыхэми адыгэ джэгу ящІ, я щэнхабзэм ирипагэу.

1998 гъэм Битокъу Беслъэн къэралитхум - Америкэм, Голландием, Иорданием, Сирием, Тыркум щылэжьэну ирагъэблэгъащ. Тыркум адыгэр куэду зэрыщыпсэум, нэхъыбэм зэралъэІэсынум трищІыхьри, а къэралым кІуауэ щытащ. Абы зэрыщыІа илъэсибгъум къриубыдэу Беслъэн лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІащ: къэфэкІэм, бзэм ныбжьыщІэхэр зэрыхуигъэсам къыдэкІуэу Тырку къэрал телевиденэм адыгэм къарита дакъикъэ 30-р ягъэхьэзырын щыщІадзам ядэІэпыкъуащ. «СфІэмыфІыщэу, сфІэгугъуу къежьа а Іуэхум сытригъэгушхуат Думэныщ Іэулэдин. ПсалъэкІэ сиущийми, ІуэхукІэ зыкъысщІигъакъуэми ар сэбэпышхуэ къысхуэхъуащ», - жеІэ Беслъэн.

Битокъум адэ-анэхэр къыхуэарэзыт, я щІэблэм ар зэрыхуэсакъым папщІэ.

«Адыгэу къэнэну сыхуейщ си быныр» - арат и гуращэр дэтхэнэ зыми. Ауэ зэгуэр анэдэлъхубзэр пІэщІэхуамэ, Іуэхур зэгъэзэхуэжыгъуей мэхъу. Бжэгъу хъуар къэбгъэшыну ущыхуежьэкІэ зэрызэфІэщІыкІым ещхьу, балигъ хъуа цІыхури къутэнкІэ шынагъуэ щыІэщ. Апхуэдэ къэмыхъуным сыхуэсакъащ. ЩІалэфІ куэдым сахуэзащ, дызэдэлэжьащ, дызэдэІэпыкъуащ.

Ди уджхэри къафэхэри узыдежьу хъу защІэщ, ар хэхэсхэм я деж нэхъыбэу щынэрылъагъущ. Нобэр къыздэсым хабзэфІу абыхэм зэрахьэ джэгу зэхашамэ, щІалэ гуп лъэныкъуэкІэ иувыкІрэ уэрэд жаІэу», - къыддогуашэ Беслъэн.

Абы игъэса ныбжьыщІэхэм концертхэр иригъэту къалэ-къалэкІэрэ Тыркур къызэхакІухьащ. Беслъэн къыхегъэщ абазэхэм я пасэрей къафэхэр нэхъ зэрахъумар. Шапсыгъхэм мащІэу къафІыхыхьащ я гъунэгъуу псэу лъэпкъым и къэфэкІэхэм ящыщ. Арами, «Уэркъ къафэр» яІэщ, уджыр, лъапэрисэр ягъэзащІэ. КъыжыІапхъэщ «Уэркъ къафэм» лІэужьыгъуэ зыкъом иІэу къызэрыщІэкІар (уэркъ къафэ, къафэ кІыхь, къафэ къуаншэ, н.).

- НэхъапэІуэкІэ, «Кабардинка»-м дыхэту Тыркум дыщрагъэблэгъами дгъэщІэгъуат ди лъэпкъэгъухэм я зэхэтыкІэр, я джэгукІэхэр. 1993 гъэм абы къафитІ къыздитшауэ щытащ: убых къафэмрэ (лъапэрышэ) къафэ къуаншэмрэ. «Убых лъапэрышэ», «Беслъэней къамэрыфэ», «Шапсыгъ удж», «Бжьэдыгъу ислъэмей», «Уэркъ къафэ» - мыпхуэдэ цІэхэр къафэхэм иритри, щэнхабзэ, гъуазджэ къулей дызэриІэр къыхигъэщу, Думэныщ Іэулэдин концерт программэ купщІафІэ игъэхьэзырауэ щытащ.

Зи гугъу сщІа псори зэхьэлІар ди «Кабардинка»-ращи, дунейм фІыгъуэу тетыр абы хуэфащэщ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# НАРТОКЪУЭХЭ
# Мухьэмэт-Джэрийрэ Нинэрэ

**Нэмыс зыхэлъым, гущIэгъулыуэ щытым пщIэ зэрыхуащIыр щынэрылъагъут Нартокъуэ Мухьэмэт-Джэрий и деж. Абы хэлът лIыгъэри, хабзэри, зэчий къызэрымыкIуэри.**

БРАМТЭ щыщ Нартокъуэ Мухьэмэт-Джэрий 1941 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым хыхьауэ щытащ. Илъэс 15-кIэ абы къыщыфат сэ гупым сыщыхыхьам. ЖысIэфынущ абырэ сэрэ дызэрызэдэлэжьа илъэсхэм зэныбжьэгъуфI дызэхуэхъуауэ - езыри фIыуэ къысхущытащ, сэри сыт щыгъуи сыхуэарэзыт. Къызэрыфэн хуейм, утыку итыкIэм сыхуигъэсащ Нартокъуэм. Шэру Соня и гъусэу абы «Къафэр» игъэзащIэрти, концерт ттыну къуажэхэм дыщыкIуэхэм и деж сэ сыкъыдидзырти, и пIэкIэ сыкъигъафэрт, «нэхъ щIэх уесэн щхьэкIэ» жыхуиIэу.

Илъэс зыбжанэкIэ дэ тIур икIи дыкъафэу икIи хьэлъэзехьэу дызэдэлэжьащ. ИтIанэ щакIуэ кIуэрт пщэдджыжь къэсыхункIэ. Абы къызэрикIыжуи, къыкIэрыху и Iуэхум къыхэмыхуэу, къэфэным иужь ихьэрт. ЦIыхуфIт, гушыIэрейт, гупым пщIэ щызиIэт. ЩIалэгъуалэр ахъшэ щIыхуэ дыхуей щыхъум и деж арат зызыхуэдгъазэр, зэи зыкIи уигъэщIэхъунутэкъыми.

ЛIыгъэ хэлът жысIакъэ! Абы и щыхьэту зы хъыбар цIыкIу къэсхьынщ. Зы къэрал гуэр, сыт хуэдэми сщIэжыркъым, къызэхэткIухьауэ дыкъыздэкIуэжым, Ростов дыкъэмысыпауэ, зы гуп цIыкIу ди вагоным къытеуащ. ХъунщIакIуэхэр мывэкIэ къыдэуэу, башхэр къыттракъутэу щыхуежьэм, фэбжь зылъысаи къытхэкIащ. Мухьэмэт-Джэрий къыттеуахэм ящыщ зым иIыгъ бжэгъур къытрихри, япэуват... «Кабардинка»-м гъуэгуанэ куэд, псы Iэджэ зэпиупщIащ. Зи гугъу сщIа Iуэхум хуэдэхэри тлъэгъуам щыщ Iыхьэщ...

1958 гъэм Монголием дыщыIащ. Сэ сымаджэщым сыщIэхуэри, концертхэм сыхэтакъым. Ансамблым зыкъигъэлъэгъуэн зэриухыу Мухьэмэт-Джэрий, фащэр зыщихыжынми зэман иримыгъэхьу, епIэщIэкIыу щIэупщIакIуэ нысхуэкIуэрт. Зы пщыхьэщхьэ дэкIа къыщIэкIынкъым абы сыкъимылъагъуу. ЩыIэщ апхуэдэ цIыхуфIхэр!

Нартокъуэм и къэфэкIэу щытам и гугъу щыпщIкIэ, ар Iэзэт жыпIэныр мащIэщ. Адыгэ къафэхэм къищынэмыщIа, а зэманым дэ утыку къитхьэу щытащ адрей лъэпкъхэми я щэнхабзэр. Мухьэмэт-Джэрий псори зэхуэдэу къехъулIэрт. Апхуэдэ зэфIэкIым паплщIэ, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум ирихьэлIэу, Нартокъуэм къыхуагъэфэщат «РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр.

НАРТОКЪУЭ Мухьэмэт-Джэрий ипхъу Нинэ школыр къиуха нэужь, 1967 гъэм Налшык дэта культпросвет училищэм щIэтIысхьащ. КъафэмкIэ къудамэм абы зыщигъэсащ къэфакIуэ цIэрыIуэ Дашу Хьэшыр и деж. «Зыгуэр къызгурыIуэ зэрыхъурэ къафэм сыдихьэхырт, - жеIэ езы цIыхубзым. - Си адэр «Кабардинка» ансамблым хэтти, и ныбжьэгъу къэфакIуэхэр куэдрэ ди унэм къеблагъэрт, сэри зэпымыууэ абыхэм я концертхэм, зыщагъэхьэзырхэм сыздашэрт. Езанэ классым къыщыщIэдзауэ художественнэ самодеятельностхэм сыкъыщыфэурэ сыкъыдэкIуэтеящ. Къафэм гу хуэзмыщIыну Iэмал сиIакъым».

Нинэ культпросветыр къызэриухыу, 1970 гъэм, «Кабардинка»-м хыхьащ икIи и гур етауэ а IэнатIэм илъэс 25-кIэ пэрытащ. «Къафэр щызэхэсхкIэ, си нэпсхэр къысфIыщIож, а макъамэр си псэм хэлъщ, - жеIэ Нинэ. - Ансамблым и унафэщIхэм, сызыхэта гупым ятеухуауэ сыту фIы куэд сигу къина!»

Аращ сэ кIэщIу жысIэфынур Нартокъуэ Мухьэмэт-Джэрийрэ Нинэрэ ятеухуауэ.

**СОТТАЕВ Къанщауэ**,
*КъБР-м и цIыхубэ артист.*





## Ди къэфакIуэхэр къазэрыщыхъуар журналистхэм я псалъэкIэ

**«Кларин»** *(Аргентинэ):*

*- «Кабардинка»-р къызэрыфэм димыхьэхын щыIэу фIэщ щIыгъуейщ. Хьэлэмэтщ - щIалэхэр я Iэпкълъэпкъ псомкIэ, уеблэмэ нэкIи къофэ. ПсынщIэу, жану ягъэзащIэ къафэхэм удрагъэхьэх. ЦIыхубзхэми я зыIыгъыкIэм щхьэхуэу утепсэлъыхь хъунущ. Нэхъ щэныфIэу щытыхункIэ, нэхъ гурыхьыж мэхъу ахэр... Абыхэм къащыпс фащэхэр нэхъ дахэж зыщIыр, къызэрытщыхъумкIэ, я лъэпкъым папщIэ пагэу ар абыхэм зэрызэрахьэрщ.*



## Инна КАШЕЖЕВА
# КАФА

**Ночь текла, горячая, как кофе.**
**По лесам текла, как по усам...**
**Кабардинцы танцевали кафу,**
**Поднимая руки к небесам.**

**То звала, то шорохов пугалась,**
**То вдруг обжигала, как огонь...**
**Ласково, как женщина, смеялась**
**В пальцах кабардинская гармонь.**

**До сих пор я слышу эти звуки,**
**До сих пор я вторю голосам,**
**И застыли надо мною руки,**
**Поднятые в танце к небесам.**

**И глаза прищурены лукаво,**
**Полные улыбок и огня...**
**Обжигая, солнечная кафа**
**Оживает в сердце у меня.**

*1962 год*

# ЦIыхум уахэтыныр насыпкъэ?!

**Ныр Рае 1948 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м Курыт Азием къыщалъхуащ. Шэбэзджэрийхэ я унагъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыIэпхъуэжар 1959 гъэрщ. Хъыджэбзым курыт школыр къиухащ, Налшык педагогикэ училищэм, КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и къудамэм щеджащ. Уеблэмэ егъэджакIуэ IэщIагъэм Рае зы зэманкIэ ирилэжьащ.**

«КАБАРДИНКА» къэфакIуэ гупым ар щыхыхьар 1968 гъэрщ. «Ансамблым къэфакIуэщIэхэр къищтэу щызэхэтхым, си шыпхъумрэ сэрэ абы дыхыхьащ. Куэдрэ дыкIуагъэнтэкъым, ди адэм къытпиубыду, абы дыкъыхэкIыжын хуей щыхъуам, - игу къегъэкIыж Рае. - АрщхьэкIэ а зэманым республикэм щэнхабзэмкIэ и министру щыта Ефэнды Джылахъстэн: «Сэ си нэIэ ятезгъэтынщ хъыджэбзхэм», - щыжиIэм, ди адэр арэзы хъуащ.



Ныр (Шэбэзджэрий) Рае

Нырыр ансамблым щыхыхьа илъэсым къыщыщIэдзауэ Алжир, Тунис, Мароккэ, Австралие, Новэ Зеландие къэралхэм щыIащ. «Сщымыгъупщэжыр Австралием дыщыкIуарщ. Сыт хуэдэу дахэт, къабзэт абы и къалэхэр!» - жеIэ Рае. Абы къыхегъэщ дэнэ щIыпIэ ахэр мыкIуами, сыт хуэдэу гугъу емыхьами, дапщэщи зы фIыгъуэ гуэрым къыхуэпабгъэу щалъхуа хэкум къагъэзэжу зэрыщытар. Сыбырым щежьэхэм, къэфакIуэхэр зэрыс вагонхэм псыр щыщтырт, ахэр щIакIуэхэм кIуэцIысу гъуэгуанэхэр зэпачырт. «Апхуэдэхэм дежи дэ ди гум илъ макъамэмрэ ди нэгум щIэт къафэмрэ дыкъагъэхуабэрт», - пещэ Рае.

Ар зыдэлэжьахэм зыхуэмыарэзы яхэткъым. «Кабардинка»-м и художественнэ унафэщI Гальперин Григорий, гъэсакIуэ Iэзэ Ульбашев Мутай, ансамблым и унафэщI Аронов Евгений - псоми зы щапхъэ гуэр ятрихауэ къелъытэ абы. «ДзыхьмыщIхэ Къэралбийрэ Зарэрэ нэхъ гъунэгъуу сахущытащ, къэфэнымкIэ абыхэм я деж куэд къыщысщIащ. Ди пшынауэ телъыджэт Уэрэзей Лидэ. А бзылъхугъэм гъащIэм и сыт хуэдэ IуэхугъуэкIи уепсэлъэфынут. Сызыхэтахэм я фIыщIэщ лъэпкъ макъамэр фIыщэу зэрыслъэгъуар. Ноби макъамэр щызэхэсхкIэ, си гур къолъэт, лъакъуэхэр къэфэну йоIэ», - къыпогуфIыкI Рае.

Унагъуэ ихьэу сабиитI къыщыщIэхъуэм, бзылъхугъэр ансамблым къыхэмыкIыжу хъуакъым. Ауэ ар Iуэхуншэуи щысакъым. 1992 гъэм ар Лъэпкъ музейм и лэжьакIуэ хъуащ. Экскурсоводу, IэщIагъэлI нэхъыжьу, музейм и гъэтIылъыгъэхэр зыхуей хуэзыгъазэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэу - сыт хуэдэ IэнатIэ къыхуамыгъэфащэми, Рае жэуаплыныгъэ хэлъу пэрытащ. КъБР-м Печатымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэу щытам къудамэм и нэхъыщхьэу щагъэувми, абы и лэжьыгъэр нэсу зэфIихащ. Мы зэманым цIыхубзыр «Ридадэ» шхапIэм кадрхэмкIэ и къудамэм и унафэщIу щолажьэ.

Нырым и псалъэхэм дыщIегъу: «Сызыпэрыхьэ дэтхэнэ IэнатIэми гушхуэныгъэ къысхелъхьэ. СфIэфIщ цIыхум сахэтыну. Ар насыпкъэ?!»

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**










Олимпиадэм хэтщ, я унафэщI Iэтэбий Игорь я гъусэу. *Сочэ, 2014 гъэ*

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

# Адыгэ къафэ

Адыгэ къафэ, адыгэ къафэ,
Адыгэм псэ иIэм - иIэр уэращ.
«Адыгэ щIылъэ, адыгэ уафэ», -
ЖиIэм Алим - жезыгъэIэр уэращ.

Уэ уи макъамэу дуней гъэдахэм
ЩIэдэIум и псэм зэуэ зехъуэж:
Гуауэм иIыгъыу зигу хъуари махэ
ГуфIэгъуэ IэплIэм занщIэу йохуэж.

ГуфIэгъуэ зиIэм и деж нэIуси -
Дамэншэщ ахъумэ - уэгум ихьэнт,
Ди Iуащхьэмахуэ щхьэщэ къыхуищIу
Спутник IэрыщIыр бгъурыувэнт.

Адыгэ къафэ, лъахэр зыгъафIэ,
МылIэжыныпсэ зыми Iумыт.
Уэ хьэгъуэлIыгъуэм ущобзэрабзэ,
Хьэдагъэ къэхъум - уи бзэр еубыд.

Адыгэ къафэ, адыгэ къафэ,
Уэ ныпхузиIэщ нобэ зы лъэIу, -
Сэ сынолъэIур - пхуэсщIкъым унафэ -
СылIэм - хьэдагъэм уи макъ щыгъэIу.

Ар хабзэщIэкъухэм ягу иримыхьми,
Си фIи, си егъуи уэ къодэIуэнщ:
Си гур бэуэхукIэ зыхамыщIами,
Лъэтэжа си псэр къагурыIуэнщ...











КъыдэкIыгъуэм ит тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар Багъэтыр Луизэщ.
Мы напэкIуэцIым ит сурэтхэр тезыхар Къарей Элинэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33.

Номерыр „Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.167
Заказ №2111